O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA`M ORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG`I’ QARAQALPAQ MA`MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI’ FAKULTETI

Fakultet dekani’:

__________f.i.k. Q.K.Turdi’baev

«____» _____________ 2014-j.

5220100 - Jurnalistika (Xi’zmet tu’rleri) bag’dari’ni’n’ 4-kurs studenti Babaeva Mahbuba Yuldashbayevnani’n’ **«A’jiniyaz lirikasi’nda publicistikali’q pafos»** degen atamadag’i’

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’

Jaqlawg`a ruxsat berildi

Kafedra basli’g`i’: t.i.k.Bekba wliev Ilimiy basshi’: f.i.k.M.Djumamuratova

____________________ ____________

(qoli’) (qoli’)

«___» _______ 2014-j.

**No`kis – 2014-ji’l**

**Ma`mleketlik attestaciya komissiyasi’ni’n`**

**QARARI’ :**

5220100 - Jurnalistika (Xi’zmet tu’rleri) bag’dari’n pitkeriwshi Babaeva Mahbubani’n’ **«A’jiniyaz lirikasi’nda publicistikali’q pafos»** degen atamadag’i’ pitkeriw qa`nigelik jumi’si’na “_____ ” bahasi’ qoyi’lsi’n

**MAK baslig`i’ :** ___________________ ______________________

(qoli’) (f.i.sh)

**MAK ag`zalari’ :**

___________________ ______________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ______________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ______________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ______________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ______________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ______________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ______________________

(qoli’) (f.i.sh)

# M A Z M U N I’

KİRİSİW_______________________________________________

I BAP. «Publicistikali’q pafos tu’sinigi ha’m woni’n’ A’jiniyaz shi’g’armali’ri’nda sa’wleleniwi______________________________

II BAP. A’jiniyaz Qosi’bay uli’ni’n’ wo’miri ha’m woni’n’ do’retiwshiliginde publicistikali’q woy derekleri _________________

III BAP. A’jiniyaz miyrasi’ni’n’ jurnalistlik sheberlikti jetilistiriwdegi a’hmiyeti______________________________________________

JUWMAQLAW__________________________________________

PAYDALANILG’AN A’DEBİYaTLAR_________________________

QOSIMShA MATERİALLAR_______________________________

# Kirisiw

*Bul du’niyani’n’ ko’rki – adam balasi’!*
*A’jiniyaz*





**İzertlew temasi’ni’n’ aktualli’g’i’.** Aqi’li’ jetik, ma’na’wiy bay ja’miyet ag’zalari’n, a’sirese jaslardi’ ta’rbiyalaw yelimiz siyasati’ni’n’ bas bag’darlari’ni’n’ biri boli’p sanaladi’. Bul ma’selenin’ sheshimi xali’qti’n’ ma’na’wiy miyrasi’n teren’ ha’m ha’r ta’repleme u’yreniwde ko’rinedi. Demek, jan’asha pikir ju’rgizetug’i’n, wo’zligin an’lag’an a’wlad ha’m ata-babalari’n, ma’deniy miyraslardi’ jaqsi’ bilgen ruwhi’y kamalg’a jetken a’wladti’ ta’rbiyalaw g’a’rezsizlik ideyasi’ni’n’ za’ru’r wazi’ypasi’ boli’p yesaplanadi’.

O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti İ.Karimovti’n’ belgilep wo’tkenlerindey, «G’a’rezsizlik milliy ma’deniyat ha’m ma’na’wiyatti’

tasti'yi'qlawg'a, qaraqalpaq xalqi'ni'n' klassik shayi'rlari'ni'n' – Berdaq, A'jiniyazdi'n' do'retiwshilik miyrasi'n toli'q tiklewge jol ashti'».[1]

Biz do'retiwshilik miyrasi'n u'yreniw ushi'n tan'lag'an obekt qaraqalpaq klassik shayi'ri' A'jiniyaz Qosi'bay uli' (1824-1878), a'debiy laqabi' Ziwar, qaraqalpaq xalqi'ni'n' ma'na'wiy, a'dep-ikramli'q qa'diriyatlari'n rawajlandi'ri'wg'a, xali'qti'n' awi'zbirshiligin saqlawg'a, insanni'n' qa'dirin belgilep ko'rsetiwde u'lken u'les qosti'. Yelimizde shayi'r do'retiwshligine ayri'qsha itibar, O'zbekistan Respublikasi' hu'kimetinin' Qarari' menen shayi'rdi'n' yubileylerinin' ken' ko'lemde wo'tkerilip ati'rg'anli'g'i' bul miyrasti' ken' ilimiy izertlep u'yreniwge bolg'an bag'dar yekenliginen derek beredi.

**Qaraqalpaq xalqi'ni'n' ulli' shayi'ri' A'jiniyaz miyrasi' ha'r ta'repleme, ha'r qi'yli', a'debiy, lingvistikali'q, tariyxi'y, pedogogikali'q, filosofiyali'q aspektlerde ken' u'yrenilip kelmekte.**

**Soni'n' menen birge, bul bay do'retiwshiliktin' yele de ashi'lmag'an si'rlari' ko'p. Wolardi'n' biri shayi'r do'retiwshiliginin' publicistikali'q si'pati'ni'n' u'yrenilmey ati'rg'anli'g'i'. Al, ha'r qanday do'retiwshiliktin' tiykarg'i' qa'siyetlerinin' biri − avtordi'n' azamatli'q poziciyasi', ja'miyet faktlerine, qubi'li'slari'na, tariyxi'y waqi'yalarg'a mu'na'sibet bildirip, bahalawi'nda ko'rinedi. Shayi'rdi'n' ilha'mi'na ta'sir jasaytug'i'n, woni' woylandi'ratug'i'n, pikir ha'm woylari'n yegep, aytpasi'na qoymaytug'i'n problemalardi'n' wo'zi ku'ndelikli faktlerdin' ta'sirinde ju'z beredi. Bul shayi'r yaki jazi'wshi' do'retiwshiliginde publicistikali'q pafosti'n' ju'zege keliwi boli'p tabi'ladi'.**

**Ha'zirgi zamanni'n' globallasi'wi' sharayati'nda, biz jasap ati'rg'an informaciya a'sirinin' aytarli'qtay mashqalalari'ni'n' biri – ka'mil**

---

[1] Каримов И. Новое мышление - требование времени. Выступление на внеочередной сессии Жокаргы Кенес Республики Каракалпакстан. //Вести Каракалпакстана, 19 июля 1997.

**insandi' jetilistiriw ha'm yeldin' milliy wo'zin tani'wi' ha'm du'nya xali'qlari' menen awi'zbirshilikte, tilekleslikte jasap, alg'a rawajlani'wdan ibarat. Bul ideyalar klassik shayi'rlari'mi'zdi'n', atap aytqanda, A'jiniyaz Qosi'bay uli' do'retpelerinin' tiykarg'i' mazmuni' bolg'an.**

Publicistika, ku'ndelikli turmi's faktlerine su'yenedi. Klassik shayi'rlari'mi'zdi'n' shi'g'armalari'na qarasaq, wolardi'n' qosi'qlari'nda wo'zleri jasag'an zamani'nda ku'ndelikli ju'z berip ati'rg'an fakt, waqi'ya, qubi'li'slarg'a mu'na'sibet bildiriw ayri'qsha wori'ndi' iyeleytug'i'ni'n ko'remiz.

A'jiniyaz Qosi'bay uli' − ayri'qsha talantli', wo'z zamani'ni'n' woqi'mi'sli', ziyali', aldi'ng'i' saptag'i' azamatlari'ni'n' biri, tek wo'zinin' tuwi'lg'an jerinde g'ana yemes, al, O'zbekistan, Qazaqstan yellerinde de u'lken shayi'r si'pati'nda tani'lg'an.

**A'jiniyaz lirika ustasi' boli'w menen birge, wo'z da'wirinin' ziyali', patriot, gumanist azamati' si'pati'nda da'wirinin' waqi'yalari'na mu'na'sibet bildirip, pikir ayti'p, ja'miyetlik sanag'a ta'sir jasag'an. Woni'n' shi'g'armalari'nda tariyxi'y faktler, filosofiyali'q woylar, publicistikali'q pikirlewler ko'p yekenligi ani'qlandi'. Xali'qti' jigerlendirip, adam fenomeninin' ja'miyettegi worni'na itibar qarati'p, wo'zlikti an'law sezimlerin yen jaydi'rg'an. Bul shayi'rdi'n' poeziyasi'nda publicistikali'q woydi'n', publicistikali'q pafosti'n' joqari' bolg'ani'n bildiredi. Sonli'qtan, klassik shayi'rlar miyrasi'n, atap aytqanda, A'jiniyaz do'retiwshiligin publicistikali'q aspekte u'yreniwdin' a'hmiyeti ayri'qsha.**

**Problemani'n' izertleniw da'rejesi.**

A'lbette, bizin' ilimimizde A'jiniyaz shayi'r do'retiwshiligine qi'zi'g'i'wshi'li'qti'n' tiykari' biraz teren'de ha'm ken' ma'niste. Bunnan yeki a'sir buri'n, 1878-ji'li' Tashkente «Turkiston viloyatnning gazeti»nde A'jiniyazdi'n' qazaq shayi'rasi' Qi'z Men'esh penen ayti'si' ja'riyalang'an.

1925-ji'li' Tashkentte ataqli' qaraqalpaq ag'arti'wshi'si' Seyfulg'abit Madjitov ta'repinen «Yegedeler ushi'n a'lipbe»de A'jiniyazdi'n' «Bozatau» shi'g'armasi' jariyalang'an.[1]

A'jiniyaz miyrasi'n sistemali' izertlew wo'tken a'sirdin' 40-ji'llari'nan baslang'an. A'debiyatshi' ilimpazlar ta'repinen A'jiniyaz do'retpelerin u'stinde tekstologiyali'q u'yreniw, shi'g'armalari'n kitap yetip baspadan shi'g'ari'w isleri qolg'a ali'ndi'.

1949-ji'li' belgili ali'm, qarqalpaqti'n' birnshi ali'mi', a'debiyatshi' N.Davkaraev ta'repinen A'jiniyaz shi'g'armalari'ni'n' tan'lamali' shi'g'armalari' toplami' baspadan shi'qti'.

Usi'nday toplamlar qaraqalpaq, wo'zbek, rus tillerinde de shi'g'ari'ldi'.[2]

Shayi'rdi'n' ayi'ri'm qosi'qlari' «Antologiya karakalpakskoy poezii» («Qaraqalpaq poeziyasi' antologiyasi'»), «Stepni'e struni'» («Sahra tarlari'») atamasi'ndag'i' toplamlarg'a jiberildi. [3]

A'jiniyaz do'retiwshiligine arnalg'an birinshi tiykarli' analizler Na'jim Dawqaraevti'n' monografiyasi'nda[4], sonday-aq, İ. Sag'i'ytov, Marat Nurmuxammedov h.t.b. shayi'r miyrasi'n izertlegen maqalalari'nda sa'wleleniwin tapti'.[5]

A'jiniyaz shayi'rdi'n' wo'miri ha'm do'retiwshildigine baylani'sli' jan'a materiallar Q.Ayi'mbetov, Q.Bayniyazov, X.Xamidov ha'm t.b. ilimpazlardi'n' miynetlerinen tabi'ldi'.

A'jiniyaz miyrasi'ni'n' tariyxi'y - filosofiyali'q, pedogogikali'q, etikali'q-estetikali'q, a'debiy aspektlerine arnalg'an ilimiy miynetler P.P.İvanov,

---

[2] Әжинияз. Таңламалы шығармалары, Нөкис, 1949; Әжинияз. Таңламалы шығармалары. Нөкис, 1960; Әжинияз(Зиуар). Таңламалы шығармалары. Нөкис, 1965; Әжинияз. Шығармалары. Нөкис, 1975; Әжинияз (Зийуар). Таңламалы шығармалары. Нөкис, 1983; Әжинияз Ажиниёз Кусибай ули. Тошыкент, 1962; Ажинияз. Избранные стихотворения. Нукус, I975.

[3] «Антология каракалпакской поэзни». Т., 1968, с.193-204; «Степные струпы». М., 1973.

[4] Давкараев Н. Очерки по истории дореволюсионной каракалпакской литературы. Т., 1959.

N.A.Baskakov, S.K.Kamalovti’n’, sonday-aq, K.Xudaybergenov, U.Aleuov, K.Mambetov, B.Kalimbetov, A.Murtazaev, A.Paxratdinov, K.Ja’rimbetov, B.Genjemuratovti’n’ ilimiy miynetlerinde u’yrenildi.

**Bizin’ jumi’si’mi’zdi’n’ jan’ali’g’i’** sonnan ibarat, A’jiniyaz Qosi’bay uli’ni’n’ tvorchestvosi’ni’n’ publicistikali’q si’pati’ u’yrenilmekte. Biz A’jiniyazdi’n’, tariyxshi’, filosof, sa’zende, a’debiyatshi’, tilshi, pedogog yekenligin bildik. Yendi shayi’r shi’g’armali’ri’na su’yenip, woni’n’ ku’shli publicist yekenligin de ani’qlamaqshi’mi’z.

**Usi’nnan kelip shi’g’i’p, jumi’sti’n’ maqseti** – A’jiniyaz shi’g’armalari’nda publicistikali’q si’patti’ ashi’p beriwden ibarat. Woni’n’ ushi’n jumi’sta:

-«publicistika», «pafos», «publicistikali’q pafos», «lirika» tu’sniklerine ani’qlama beriw;

-A’jiniyaz shi’g’armalari’ndag’i’ publicistikali’q pafosti’ ani’qlaw wazi’ypasi’ qoyi’ldi’.

Solay yetip, A’jiniyaz do’retiwshiliginin’ ja’ne bir si’pati’n ha’m shayi’rdi’n’ talanti’ni’n’ ja’ne bir qi’ri’n mi’sallar tiykari’nda ani’qlaymi’z.

Jumi’sti’n’ metodologiyali’q ha’m teoriyali’q tiykari’ si’pati’nda O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti İ.A.Karimovti’n’ ma’na’wiyat, a’debiyat haqki’ndag’i’ ko’rsetpelerine, bayanatlari’na, sonday-aq, Qaraqalpaqstan Joqarg’i’ Ken’es basshi’li’g’i’ni’n’ ma’deniy miyrasti’ qa’sterlew haqqi’ndag’i’, xalqi’mi’zg’a belgili insanlardi’n’ yubileylerin wo’tkeriw ha’m wolardi’n’ miyraslari’n u’git-na’siyatlaw ilajlari’ materiallari’na su’yendik.

Publicistikani’ tu’siniwde jurnalistika boyi’nsha ilimiy-teoriyali’q kitaplarg’a? universitetimizde bilim bergen ustazlari’mi’zdi’n’ lekciyalari’na? miynetlerine tayandi’q.

Al, izertlew obektimiz bolg’an A’jiniyaz do’retiwshiligin tu’siniw ushi’n shayi’r tvorchestvosi’na baylani’sli’ materiallardi’ ha’m shayi’rdi’n’ wo’z qosi’qlari’n u’yrendik.

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyeti** Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyeti sonnan ibarat, jumi’sta A’jiniyaz do’retiwshiligi haqqi’nda ko’p materiallardi’ u’yreniw arqali’, publicistika boyi’nsha teoriyag’a su’yengen halda A’jiniyaz shi’g’armalari’ analizlendi, wondag’i’ publicistikali’q pafos ashi’p berildi, juwmaqlar shi’g’ari’ldi’. Sonli’qtan da, bul miynet «poeziyada publicistikali’q si’pat» problemasi’ni’n’ sheshimine qosi’lg’an u’les boli’p, jurnalistika ha’m a’debiyat tarawlari’ ushi’n da teoriyali’q a’xmiyetke iye.

Jumi’sti’n’ a’meliy a’hmiyeti, pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ materiallari’nan bolashaq a’debiyatshi’lardi’, jurnalistlerdi woqi’ti’w lekciyalari’nda, a’meliy sabaqlari’nda paydalani’wi’ mu’mkin.

Jumi’sti’n’ aprobaciyasi’. Jumi’s Qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinin’ jurnalistika kafedrasi’nda wori’nlandi’. Baspaso’zge material tayarlandi’.

Jumi’sti’n’ qurami’: Kirisiw, paydalani’lg’an a’debiyatlar, Juwmaklaw, qosi’msha materillardan ti’sqari’ u’sh baptan ibarat.



## I BAP. Lirikada publicistikali’q pafos tu’sinigi A’jiniyaz shi’g’armalari’ mi’sali’nda

**Qaraqalpaq xali’q shayi’ri’ A’jiniyaz Qosi’bay uli’ do’retpelerinde publicistikali’q pafos ma’selesin u’yreniwimiz ushi’n, «publicistika», «pafos», «woni’n’ poeziyadag’i’ ko’rinisi qanday boladi’?» degen sorawlarg’a juwap izledik. Bul birikken tu’sinikti qa’liplestirip turg’an «pafos», «lirika», «publicistika» terminlerinin’ ma’nisin ani’klap ali’wg’a ha’reket yettik.**

**Ojegovti’n’ so’zligine ja’ne mu’ra’jat yetsek: «Publicistika – zamanni’n’, ja’miyettin’ ku’ndelikli turmi’sti’n’ aktual ja’miyetlik-siyasi’y ma’seleleri boyi’nsha a’debiyat»[6].**

U’lken Enciplopediyali’q so’zlikke qarag’anda, «Publicistika – (lat. publicus - ja’miyetlik) – ku’ndelikli ja’miyet turmi’si’ni’n’ aktual ma’selelerine arnalg’an shi’g’arma tu’ri. Ja’miyetlik pikir plyuralizmin, atap aytqanda, wo’mirdin’ wo’tkir problemalari’ a’tirapi’nda qa’liplesetug’i’n ja’miyetlik pikirdi bildiriwshi usi’l si’pati’nda a’hmiyetli siyasi’y ha’m ideologiyali’q roli bar»[7].

Publicistika so’z tu’rinde (jazba ha’m awi’zsha), grafikali’q su’wretlew (plakat, karikatura), foto ha’m kinematografiyali’q (hu’jjetli kino, televidenie), teatrli’q-dramali’q, so’z-muzi’kali’q formalarda da boladi’. *Publicistika jiyi ko’rkem ha’m ilimiy shi’g’armalarda qollani’ladi’*.[8]

Qaraqalpaq jurnalistikasi’ni’n’, publicistikasi’ni’n’ deregi klassik shayi’rlari’mi’zdi’n’ miyraslari’nda ko’rinedi. Tu’rkiy xali’qlar, atap aytqanda, qaraqalpaq, wo’zbek, qazaq xali’qlari’nda shayi’rlar xali’qti’n’ ko’keyindegi

---

[6] *Большая Советская Энциклопедия М., "Советская энциклопедия", 1969-1978.*
[7] Сонда.
[8] Сонда.

so’zlerdi, a’rmanlari’n qosi’q katarlari’na sali’p, ja’miyetlik sanag’a ta’sir jasap woti’rg’an. Mi’sali’, Berdaq babami’z:

*Shayi’r yedim, ko’zim ko’rgenin jazdi’m,*

*Kewlimnin’ sezip bilgenin jazdi’m,* deydi.

U’lken Enciklopediyali’q so’zlikte «Ajiniyaz Kosi’bay uli’» so’zinin’ ma’nisi degen atamada mi’naday mag’li’wmat berilgen:

A’jiniyaz Qosi’bay uli’ (1824 — 1878), qaraqalpaq shayi’ri’. Soni’n’ menen birge, wo’zbek ha’m qazaq tillerinde de jazg’an. Xali’qqa ken’ taralg’an sewgige arnalg’an ha’m filosofiyali’q qosi’qlar avtori’. Tiykarg’i’ temasi’ — social ten’sizlik, xali’q ushi’n jaqsi’ wo’mir tilewden ibarat. «Bozataw» poemasi’nda 1858—59.qaraqalpaqlardi’n’ wo’z yerkinligi ushi’n xiywa xani’na qarsi’ gu’resi ta’riyplenedi.

Shi’g’armalari’: Tan’lawli’ qosi’qlar toplami’, No’kis, 1949;

Tan’lamali’ shi’g’armalari’, No’kis, 1965.

A’debiy izertleniwi*:* Davkaraev N., Ocherki po istorii dorevolyucionnoy karakalpakskoy literaturi’, Tash., 1959.[9]

A’lbette, bul mag’li’wmat jazi’lg’anli’ bergi waqi’t arali’g’i’nda shayi’r do’retiwshiligin u’yreniw boyi’nsha ken’ ko’lemde jumi’slar islendi, ilimiy miynetler wori’nlandi’**. Bizin’ bul mi’saldi’ keltirip woti’rg’ani’mi’zdi’n’ sebebi, du’nyaju’zlik arenada A’jiniyaz shi’g’armalari’ “tiykarg’i’ temasi’ — social ten’sizlik, xali’q ushi’n jaqsi’ wo’mir tilewden ibarat” dep bahalanatug’i’nli’g’i’.** «Publicistika – (lat. publicus - ja’miyetlik) – ku’ndelikli ja’miyet turmi’si’ni’n’ aktual ma’selelerine arnalg’an shi’g’arma tu’ri. ... wo’mirdin’ wo’tkir problemalari’ a’tirapi’nda qa’liplesetug’i’n ja’miyetlik pikirdi bildiriwshi” degen si’patlama toli’g’i’ menen A’jiniyaz do’retiwshiligine sa’ykes keletug’i’nli’g’i’nli’g’i’n atap wo’tiw za’ru’r. Sebebi, teoriyali’q juwmaqlarg’a qarasaq, “Publicistika jiyi ko’rkem ha’m ilimiy shi’g’armalarda qollani’ladi’”.[10]

---

[9] *Большая Советская Энциклопедия М., "Советская энциклопедия", 1969-1978.*
[10] Сонда.

**Mi’sali’ ushi’n A’jiniyaz babami’z wo’zine jarati’li’sti’n’ bergen talanti’ni’n’ a’hmiyetin tu’sinip, aytpasi’na bolmaytug’i’n woylari’n bar yekenligin qosi’q qatarlari’n bildirip, “Yoqti’” degen qosi’g’i’nda jazadi’:**

***So’zle ha, bu’lbil zibani’m,***
***Yeki kelu’r zaman yoqti’, qa’dirin tu’sinip***
***Keter bir ku’n shiyrin jani’m,***
***Bu sa’zimde gu’man yoqti’.***

*...Ko’n’limda’ g’am, da’rdi a’la’m,*
*So’zla’sa’m shi’qar da’mba’da’m,*
*Ma’n’a so’zdin’ bashqa iga’m,*
*Heshna’ma’rsa’ bera’n yoqti’.*
*(“Yoqti’”)*

*Waqti’m wo’tti sa’rdar degen,*
*Sawash bolsa qardar degen,*
*Bul ga’pimnin’ parqi’n bilgen,*
*Udayi’na ayti’w kerek.*
*(«Kerek»)*

Zamani’ni’n’ ilgir pikirli azamatlari’ mudami’ ja’miyetlik turmi’s qubi’li’slari’na ma’ni berip, wo’zin ti’ni’shsi’zlandi’rg’an woylari’n publicistikani’n’ bir janri’nda sa’wlelendirip, ma’selen, maqala, pamflet, esse jazi’wi’ mu’mkin. Yeger wol shayi’r bolsa, publicistlik woylari’n qosi’q qatarlari’nda berip, poeziyag’a publicistlik pafos yendiriwi mu’mkin. Jazi’wshi’ bolsa, ja’miyetlik qubi’li’slarg’a baha beriw kibi publicistikali’q pafosti’ romani’na yengiziwi mu’mkin.

A’jiniyaz shayi’rdi’n’ wo’zi de, pafos, yag’ni’y ayri’qsha yosh, ilha’m haqqi’nda so’ylep,

*Qi’yal yetsem menin’ kewilim,*
*Yertewli atqa megzer*, - deydi.

A’jiniyaz shayi’rdi’n’ qosi’qlari’nda pafos ma’selesi haqqi’nda izlenip, “pafos degen ne?” dep teoriyali’q a’debiyatlardi’ u’yrenip, sog’an sa’ykes A’jiniyaz qosi’klari’n woqi’g’ani’mda, sol juwmaqqa keldim, A’jiniyaz Qosi’bay uli’ni’n’ pu’tkil do’retiwshiligin boylap ilha’mlandi’ri’p turg’an ku’sh, yag’ni’y, shayi’rli’q pafos – woni’n’ adamni’n’ qa’dirin biliwi, wo’z yelin, Watani’n su’yiwi yeken.

Men wo’zimnin’ ilimiy juwmag’i’mdi’ jumi’si’mni’n’ son’i’nda yemes, al, yen’ basi’nda-aq, bildirip ati’rg’an sebebim, so’zimdi shayi’rdi’n’ do’retiwshiliginin’ tiykarg’i’ pafosi’n bildiriwshi ko’terin’ki ruwhta jazi’lg’an qosi’g’i’nan baslag’i’m keldi. Sebebi, bul qosi’qti’ bilmeytug’i’n birde-bir qaraqalpak joq, desem asi’ra aytqan bolmayman. Buni’n’ sebebi – pafos! Menin’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mni’ pu’tkil bari’si’ usi’ juwmag’i’mni’n’ tu’sindirmesi boladi’.

A’jiniyazdi’ wo’mir bayani’na qarasaq, A’jiniyaz shayi’r Qazaqstanda boli’p, Molla Qojban degen baydi’n’ u’yinde qazaq balalari’n woqi’tqan. Qaraqalpaqlar haqqi’nda qi’zi’qqan Molla Qojbanni’n’ sorawi’na juwap retinde «Yellerim bardi’» qosi’g’i’n jazadi’. Usi’ qosi’g’i’ arqali’ shayi’r tuwi’lg’an jeri, Watani’n ken’ tu’rde ta’riyplep beredi. Demek, bul shayi’rdi’n’ qazaq biradari’ni’n’ sorawi’na juwaptan ibarat. Wo’z yelin su’yiwshilikten ha’m maqtani’sh yetiwden tuwi’lg’an qosi’q. Sonli’qtan da, ha’mmenin’ kewline unap, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ta’riypine aylang’an. Qosi’qti’n’ birinshi qatarlari’nan belgili boli’p turg’ani’nday, molla Qojbang’a xalqi’mi’zdi’, wondag’i’ qalalardi’n’ atlari’ menen tani’sti’ri’wdan baslaydi’, so’z marjanlari’n dizip yelimizdi ta’riyplep beredi. Bizin’ xalqi’mi’zdi’n’ diyqanshi’li’q penen birge an’shi’li’q, sharwashi’li’q penen shug’i’llanatug’i’nli’g’i’n aytadi’, ta’biyatqa itibarli’li’g’i’n bildiredi. Sebebi ta’biyat penen insan bir-biri menen ti’g’i’z baylani’sta yekenligin biz bilemiz. Ta’biyat insang’a mu’ta’j bolsa, insanni’n’ ta’biyatqa mu’ta’jlikleri sezilerli da’rejede boladi’. Bizin’ ta’biyati’mi’zda ko’ldin’ jag’asi’nda qasqaldaq, u’yrek, quwlar ha’m g’azlar bar yekenligin ayti’p wo’tedi.

Mi’sali’:

*Sorasan’ yelimdi Qojban bizlerden,*
*Qalpag’i’ qazanday yellerim bardi’.*
*Qa’te shi’qsa, keshirin’ler so’zlerden,*
*Qi’tay, Qoni’rat atli’ yellerim bardi’.*

*Jaylawi’m U’rgenish, arqasi’-ten’iz,*
*Jawi’ri’ni’ qaqpaqtay mallari’ semiz,*
*Ruxsatsi’z bir-birine salmas iz,*
*Birlikli Qon’i’rat yellerim bardi’.*

*Tabi’ladi’ izlegennin’ keregi,*
*Ko’linde bar qasqaldag’i’, u’yregi,*
*Quwlari’, g’azi’ni’n’ pu’tin bu’yregi,*
*Du’nyani’n’ an’lari’ ko’limde bardi’.*

Shayi’r wo’z milletine ta’n tipik xarakterdi maqtani’sh penen tilge aladi’:

*Wo’tirikti i’ras yetip aytpag’an,*
*Tuwri’ joldan bas ketse de qaytpag’an,*
*Na’ma’hra’mdi hasla joldas tutpag’an,*
*Ati’ qaraqalpaq yellerim bardi’.*

Sonday-aq, “So’ylegende so’zin’di sheker yeter La’yli-Zuleyxaday qi’zlari’n, “”At ko’termes belli begleri»n, “Shaqi’rmasa merekege barmag’an, Qoni’ratti’n’ gu’jektey palwan»lari’n, “Ji’li’nda miywelep u’sh iret pisken, Ati’ su’tilmektey jemisin» uli’g’laydi’. Bul qosi’qta qaraqalpak xalqi’ sonday maqtani’sh yetiledi, woni’ ti’n’lag’an karaqalpaq qaraqalpaq bolg’ani’na maqtani’sh sezimleri biyleydi, baska millettin’ bunday xali’qqa hu’rmeti artadi’.

Shayi’r yelinen uzaqta ju’rgen sag’i’ni’shi’n da bildiredi:

*Men bu’yerde ju’rgen ishi za’rdeli,*
*Yel jurtti’ ko’rmegen ag’i’r da’rdeli,*

*Kewlimnin’ xoshi’ joq men ha’m bir da’rtli,*
*Aytsam ishte tolg’an ha’diysim bardi’.*

Al, shayi’rdi’n’ usi’ qosi’qtag’i’:

*Nesip aydap sizin’ yellerge kelgen,*
*Kim jaqsi’, kim jamap parqi’ni’ bilgen,*
*Ha’r ne bari’n sizge bayan a’ylegen,*
*Qalpaqti’n’ Ka’miyne Ziywari’ bardi’*, -degen qatarlari’ bizin’ «A’jiniyaz shayi’r wo’z zamani’ni’n’ qubi’li’slari’na baha bere alg’an, «*kim jaqsi’, kim jamap parqi’ni’ bilgen*» publicist» yekenligin bildiredi.

Filologiya ilimleri kandidati’, docent M.Jumamuratova, wo’zinin’ xali’q shayi’rlari’ do’retiwshiligin tallag’an miynetinde tuwri’ bag’dar si’pati’nda V.G.Belinskiydin’ pafos haqqi’ndag’i’ pikirlerine su’yenip, pafos ani’qlamasi’na tu’sinik yendiredi. İlimpaz bi’lay jazadi’: «Rus si’nshi’si’ V.G.Belinskiydin’ atap ko’rsetkenindey, do’retiwshilik yermek yemes ha’m ko’rkem shi’g’arma aldani’sh si’pati’nda zerikkennnen jazi’lmaydi’. Wol xudojniktin’ awi’r miynetinin’ na’tiyjesi. Yeger shayi’r usi’ miynetke ha’m qaharmanli’qqa qol urg’an yeken, wonda woni’ usi’g’an iytermelep turg’an qanday da bir qu’diretli ku’sh, jen’ip bolmas inta’ boladi’. Si’nshi’ bul ku’shti – pafos (yag’ni’y, do’retiwshilik yosh, g’ayrat –M.J.) dep ataydi’. Qa’legen shi’g’arma ilha’mni’n’, pafosti’n’ perzenti. Shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’ qanshelli ko’p bolsa, wolardi’n’ ha’r birinin’ wo’z aldi’na ilha’mi’, woni’n’ payda boli’wi’na iytermelegen jag’day boladi’. Ja’ne V.G.Belinskiydin’ a’dil pikirine su’yensek, «Soni’n’ menen birge shayi’rdi’n’ ba’rshe do’retiwshilik du’nyasi’, woni’n’ poetikali’q xi’zmetinin’ pu’tin barli’g’i’ uli’wma bir ilha’mg’a iye boli’p, ha’r bir shi’g’armani’n’ yoshi’ pu’tinliktin’ bir bo’legi, izi, tiykarg’i’ ideyani’n’ jilwalang’an tu’ri, woni’n’ ko’plegen ta’replerinin’ biri si’pati’nda ko’rinedi»[11].

---

[11] Қараң: В.Г.Белинский. Избранные статьи. М.,1972, с.111;
Жумамуратова М. Сөз маржанын дизгенлер.Нөкис, 1994, 122.

Demek, bizin’ juwmag’i’mi’z, A’jiniyaz shayi’rdi’n’ yen’ tiykarg’i’ pafosi’, woni’n’ “Yellerim bardi’” atli’ qosi’g’i’nda. Soni’n’ menen birge, pikirimizdi dawam yetip aytatugi’n bolsaq, shayi’r pafosi’: *“Bul du’nyani’n’ ko’rki – adam balasi’!*” degen aforizmge aylang’an qatarlari’nda ko’rinedi. Shayi’r do’retiwshiliginin’ ba’rshe mazmuni’, woni’ ti’ni’shsi’zlandi’ri’p turg’an na’rse, bir sorawg’a juwap. Ne ushi’n *Sol adamni’n’ ko’kke jeter nalasi’?*

A’debiyat jo’nelisinde ayri’qsha worni’ bar ko’rnekli tulg’a, rus si’nshi’si’ V.G.Belinskiy rus a’debiyati’ni’n’ qaytalanbas talantlari’ bolg’an A.Pushkin, V.G. Gogol, M.Yu. Lermontov, tag’i’ basqalar shi’g’armalari’ni’n’ ko’rkemlik, estetetikali’q quwati’n ha’mmeden buri’n bildi ha’m wolardi’n’ do’retpelerin ha’r ta’repleme tallap, rus ma’deniyati’ tariyxi’ndag’i’ worni’n ayqi’n belgilep ko’rsetti. Soni’n’ menen birge, si’nshi’ bul tulg’alardi’n’ do’retpeleri haqqi’nda so’ylegende, pafos ma’selesine ayri’qsha itibar qaratadi’. Mi’sali’, woni’n’ ko’z qarasi’nda A.S.Pushkinnin’ ko’rkemlik pafosi’ni’n’ worayli’q tiykari’ adamgershilikte, «insanni’n’ insan si’pati’ndag’i’ qa’dirine sheksiz hu’rmette» dep biledi. Belinskiy ta’repinen tu’sinilgen ko’rkemlik pafosi’ V. Botkin, P. Annenkov, a’sirese, A. Drujininnin’ quwataytug’i’n «taza sa’niyat»i’ ruwhi’nda tallanbaydi’, al, shi’g’armani’n’ ishine kirgen ha’m konceptual tasti’yi’qlani’wi’n tapqan real du’nyani’n’ ha’mme ta’repin qamti’ydi’. «Janli’» do’retpe jarati’w degende si’nshi’, tek sezimge, yaki tek avtor pikirine baylani’p qalmag’an, wo’mirdin’ ba’rshe qubi’li’slari’n qamti’g’an pu’tinliktegi do’retpeni tu’sinedi. Do’retpe – jan’a organikali’q pu’tinlik boli’p, turmi’s shi’nli’g’i’na, ha’m emocional, ha’m intellektualli’qqa jetisiw, ja’miyetlik planda – woni’n’ obektiv ha’m subektiv ta’replerin qamti’w degen so’z. Pafos, bul sillogizm, yaki dogmat yemes, al, ko’rkem do’retpenin’ uli’wma bag’darlang’anli’g’i’.

Pafos so’zinin’ ani’qlamasi’na keletug’i’n bolsaq, pafos bul (grekshe πάθος qi’ylani’w, ha’wesleniw, janlani’w ma’nisinde) – tolqi’nlani’w sezimlerin bildiriwshi ritorikali’q kategoriya boli’p, yen’ da’slep Aristotel

ta’repinen tu’sindirilgen. Bunda «pafos»qa qosi’msha ritorikani’n’ «etos» ha’m «logos» elementleri qosi’ladi’.

Aristotel traktovkasi’nda, pafos usi’l boli’p, bunda bayanlaw estetikasi’ qaharmanni’n’ da’rti ha’m tamashago’ydin’ juwap emociyalari’ arqali’ bildiriledi, yag’ni’y, avtor yaki orator pafos arqali’, wo’z sezimleri bayani’nda auditoriyag’a ta’sir jasaydi’.

Son’g’i’ da’wirlerde Gegel miynetlerinde pafos tu’sinigi wo’z ishine tek g’ana tragediyali’q yemes, al, saltanatli’ ko’terin’ki estetikani’ da ja’mlep ken’eydi. Qaharmanli’q, tragediyali’q, romantikali’q, sentimentalli’q ha’m satirali’q pafoslar dep bo’line basladi’. Pafosqa da’stu’riy tu’rde oda, epos, tragediya avtorlari’ mu’ra’jat yetken.

Ja’ne bir so’zlikte «Pafos (grek. pathos – qi’ylani’w) – adamni’n’ ku’shli ha’wesleniw yaki qi’ylani’wdag’i’ jeke ha’reketi ali’p keletug’i’n da’rtti bildiriwshi antik tu’sinik, yag’ni’y, da’rttin’ da’rtte ashi’li’wi’ dep tu’sindirilgen.

Aristotel biliminde pafos estetikani’n’ bir tu’sinigi si’pati’nda qaraladi’: shi’g’arma qaharmani’ni’n’ basi’ndag’i’ wo’lim yaki basqa qayg’i’li’ waqi’ya, tamashago’yde son’i’nan da wo’z izin sali’p wo’tetug’i’n da’rtleslikti bildiriwshi qi’ylani’w yaki qorqi’w sezimlerin shaqi’radi’.

“Kewlimnin’ sezip bilgenin jazdi’m” degendey, A’jiniyaz shayi’rdi’ da wo’z da’wirinin’ siyasi’y ten’sizligi ta’shiwishlendirgen. Sonli’qtan da wol bi’lay jazadi’:

*Bul du’nya quri’si’n, zaman tari’ldi’,*
*Zardabi’nan qara jer qaq jari’ldi’.*
*Ko’zler ko’rse jer tanabi’ tarti’lur,*
*Yi’g’lay-yi’g’lay ko’zdin’ jasi’ sel bulur.*

Da’wirdin’ ku’n ta’rtibindegi mashqalalari’n teren’ tu’sinip, qarama-qarsi’li’qli’ aqi’betlerin wo’z da’rtindey sezinip, wolardi’ ko’rkem, publicistikali’q do’retpelerde, ilimiy miynetlerde ja’riyalaw uqi’bi’ adamzatqa ta’n. «U’ndemey tura almayman!» dep L.Tolstoydi’n’ aytqani’day, talantli’

insanlar, sezimtalli’g’i’ sebepli an’lag’an haqi’yqati’n aytpay tura almaytug’i’n halatqa jetisedi, wo’zine ju’klengen hu’jdanli’q missiyasi’n wori’nlawdag’i’ ilha’m jag’dayi’na sezinedi. Bir shi’g’armada usi’ si’patlardi’n’ ha’r birinin’ (ko’rkem, publicistlik, ilimiy) wo’z aldi’na, yaki wolardi’n’ qay bir tu’rlerinin’ sintezlik birigiwinin’ ju’zege shi’g’i’wi’ mu’mkin boli’p, bul ha’r bir do’retiwshinin’ wo’zinshelik pafosli’q bag’dari’na baylani’sli’ ju’z beredi. Wo’z zamani’ni’n’ alg’a qoyg’an siyasi’y-ja’miyetlik mashqalalari’n sheshiwdi go’zlegen lirikag’a publicistikali’q pafos yenetugi’nli’g’i’ ta’biyg’i’y hal.

Shayi’rdi’n’ wo’mirine baylani’sli’ waqi’yalar, woni’n’ do’retiwshiligine ta’sir yetpey qali’wi’ mu’mkin yemes. Bul ha’diyse shayi’rdi’ ko’p g’ana filososfiyali’q ha’m socialli’q temalarda shi’g’armalar do’retiwine sebepshi boladi’. Mi’sali’:

*G’osh jigittin’ da’wleti bar basi’nda,*
*Ha’m ag’asi’, ha’m inisi qasi’nda.*
*Ha’r kim wo’z-yelinde, ten’i-tusi’nda,*
*Jigit qa’diri bolmas yelden ayri’lsa.*

Bunda shayi’r patritizm menen gumanistlik ideyalardi’ solay yetip birlestiredi, yelinen ayri’lg’an adamni’n’ turmi’si’ menen uyasi’ buzi’lg’an pal ha’rresinin’ awhali’ sali’sti’ri’ladi’.

*Yelinen ayri’lg’an diywana bolu’r,*
*Yari’nan ayri’lg’an biyga’na bolu’r,*
*Ha’rreler ushuban pa’rwana bolu’r,*
*Uyasi’ buzi’li’p, paldan ayri’lsa.*

A’lbette, bul a’piwayi’ sali’sti’ri’w yemes, shayi’r jasagan da’wirdin’ tipik ha’diyseleri. Wol mudami’ “adam uli’ adamni’n’ qa’dirin biliwdi” tu’sindiredi.

Biz publicistikag’a ta’rip beriwde, a’debiyatshi’, jurnalist ustazi’mi’z f..i.k., docent M.Jumamuratovani’n’ bizge sabaq wo’tkeninde aytkan mi’naday pikirlerine su’yenemiz: «Adamzat tirishiliginin’ da’slepki basqi’shlari’nan-aq, wo’zi jasap ati’rg’an wortali’q ta’g’dirine biypa’rwa qaramaw poziciyasi’n

bildirip, haqli’g’i’na isendiriw qa’biletin sezingen. Publicistika − insanni’n’ ta’biyat ha’m ja’miyet penen jarasi’qli’ u’ylesimine kesent keltirip ati’rg’an aktual ma’selelerdi sheshiwdi go’zleytug’i’n, ilim, jurnalistika, a’debiyat elementlerin qamti’g’an do’retiwshilik tu’ri. Da’wirdin’ wo’tkir problemalari’ a’tirapi’nda pikirler plyuralizmin bildiriwshi siyasi’y-ideologiyali’q a’hmiyetke iye».[12]

Demek, publicistikag’a si’patlama beretug’i’n bolsaq,

- publicistika – adamzatti’n’ wo’zi jasap ati’rg’an wortali’q ta’g’dirine biypa’rwa qaramaw poziciyasi’n bildiredi;

- publicistika − insanni’n’ ta’biyat ha’m ja’miyet penen jarasi’qli’ u’ylesimine kesent keltirip ati’rg’an aktual ma’selelerdi sheshiwdi go’zleydi;

− da’wirdin’ wo’tkir problemalari’ a’tirapi’nda pikirler tarti’si’n bildiredi;

siyasi’y-ideologiyali’q a’hmiyetke iye.

Publicistika da’wir menen ten’ qa’dem taslap, turmi’s mashkalalari’ haqqi’nda pikirleydi. Ku’nnin’, da’wirdin’ a’hmiyetli mashqalalari’n u’zliksiz sa’wlelndirip bari’w menen tariyxi’y shi’nli’qqa xi’zmet yetedi.

Demek, bunnan zamen shejiresin bu’gingi ku’n ha’m ma’n’giliktin’ talabi’ menen jedel sheship bari’w si’yaqli’ wazi’ypa ju’klengen publicisttin’ qanshelli da’rejede ilgir, zeyinli boli’wi’ tiyisligi tu’sinikli.

Ja’miyetlik-siyasi’y turmi’s ma’selelerin sa’wlelendiretug’i’n ba’rshe shi’g’armalar – publicistlik do’retpeler boli’p tabi’ladi’. Shayi’r lirik qaharman bolg’an wo’zi haqqi’nda jazsa da, wol xali’qti’n’ ati’nan so’yleydi. Mi’sali’:

*Sa’nemler qoli’nda tilla saz yedim,*
*Ha’wijge keltirer ja’nan bolmadi’.*
*Tug’i’ri’mda talpi’ng’an alg’i’r baz yedim,*
*Qa’lpe-sa’yyadlari’m maman bolmadi’.*

*Wo’mir berse ishi-ti’si’ a’rmanli’,*
*Ne da’rkar su’rmesen’ besh ku’n da’wrandi’,*

[12] «Еркин Қарақалпақстан», газетасы, 22-апрель 2014,№48(19510).

*Sho'llerde yu'gu'rga'n ahi'w-ja'yrandi'*
*Sayad alg'an shenli da'wran bolmadi'.*

Soni'n' menen birge shayi'r wo'zinin' bilgen, tu'singen haqi'yqati'n ayti'p, wo'mir problemasi'n qoyi'w menen birge, bul unamsi'z qubi'li'slardi'n' sebebin tawi'p, haqi'yqatli'qti'n' ju'zin ashadi', unamsi'z illetlerdi ja'miyetlik pikir talqi'si'na usi'nadi'. Mi'sali':

*Mali' ko'p sansi'z baylarg'a,*
*Aparmay mereke-toylarg'a,*
*Keynine sali'wg'a qoylarga,*
*Qulag'i' kesik qul kerek.*

*…So'gis keltirip atag'a,*
*İsin jiberip qatag'a,*
*Awi'ldag'i' ka'tqudag'a,*
*Sani' joq para pul kerek.*

*Xali'q sorag'an atali'qqa,*
*İsin ju'ritip qatalli'qqa,*
*Ku'sh berip o'nbes sali'qqa,*
*Xali'qti' posti'rg'an shul kerek.*

*Qumarti'p tegin aqshag'a,*
*Adamdi' ko'mip paqshag'a,*
*Xali'qti' sorag'an patshag'a,*
*Ku'nde-ku'nde uri's kerek.*

Demek, shayi'r, "bul du'nyani'n' ko'rki – adam balasi'"ni'n' wo'mirde jaqsi' jasap wo'tiwi ushi'n jaqsi' da'wran izleydi.

Shayi'rdi'n' ja'miyetlik turmi'sqa narazi'li'q bildiriwi yemes, al, woni'n' keleshek haqqi'ndi'g'i' woylari' ayri'qsha wori'n iyeleydi:

*Bahadi'r g'oshshaq jigitke,*
*Xali'qqa ma'lim bati'r ma'rtke,*
*Ba'rdash berer qayg'i' da'rtke,*
*Janajan g'ardashi' kerek.*

*Jigit shi'qsa uzaq jolg'a,*
*Jaw-jarag'i'n ali'p qolg'a,*
*Sermep qi'li'sh won'li'-solg'a,*
*Jol baslar sa'rdari' kerek.*

*Sorli' puxara xali'qqa,*
*Qol sozi'p ba'rha' jari'qqa,*
*Ko'nbey birneshe sali'qqa,*
*Jaynap-jasnar zaman kerek.*

Lirika, lirikali'q poeziya ( grech. λυρικός — «lira sestinde wori'nlang'an, sezimtal, lirli'q») – avtordi'n' subektiv jeke sezimi yaki keypiyati'n jaratadi'.

Ojegov so'zligine qarag'anda[13], lirizm bastan keshiwdegi, keypiyattag'i' sezimlerdi, emocional baslamadag'i' jumsaqli'q ha'm na'ziklikti bildiredi.

Efremovti'n' bildiriwinde, lirika sezimnin' emocionalli'g'i'n, poetikali'q tolqi'nlani'wi'n, tu'sipmazli'g'i'n bildiriwshi. L. P. Kri'sinni'n' ani'qlamasi'na ko're, lirikali'q poeziya – bul shayi'rdi'n' sezim ha'm keshirmelerin sa'wlelendiriwshi poeziya. Lirikag'a qosi'q, romans, arnaw, elegiya kiredi.

Filologiya ilimleri doktori' Na'jim Da'wqaraev A'jiniyaz shayi'rdi' «lirikali'q qosi'qlardi'n' sheberi»[14] dep ataydi'.

Ha'r bir shayi'rdi'n' do'retiwshilik joli'ni'n' bir wo'zgesheligi a'debiy janrlardi'n' qaysi'si'na ko'birek itibar bergenliginde ko'rinedi. A'jiniyaz

---

[13] Толковый словарь Ожегова/ Словари… *slovari.299.ru.*
[14] «Очерки истории дореволюционной каракалпакской литературы». Ташкент, 1959, с.164.

qaraqalpaq a’debiyati’nda lirikali’q ha’m epikali’q shi’g’armalar do’retti. Lirikali’q shi’g’armalari’ epikali’q shi’g’armalari’na qarag’anda ko’lemine qarag’anda ko’birek.

Lirika jo’ninde ko’p g’ana a’debiyatshi’lar, shayi’rlar ani’qlamalar berip ati’r, wolardi’n’ a’debiyatti’ rawajlandi’ri’wda tiygizip ati’rg’an u’lesi ju’da’ u’lken. Bul jo’nindegi pikirlerdi juwmaqlasti’ri’p, lirika poeziyani’n’ kishi formadag’i’ shi’g’armasi’, wonda adamg’a ta’sir yetken haqi’yqatli’q qanday sezimlerdi woyatti’, qanday ta’sir jasadi’, al, sol sezimlerden, ta’sirlerden, shayi’r ne aytpaqshi’, soni’ obrazli’ yetip su’wretlew tu’sinilip ju’r. Mi’sali’:

*Qi’ya baqi’p menin jani’mdi’ ali’p,*
*Yu’z mi’n jilwa menen shi’g’ar go’zzallar,*
*Yu’regime ada bolmas ot yaqi’p,*
*Menin’ jani’m otqa yaqar go’zzallar*.

Bul qatarlardi’ kalay tu’sinemiz? Bunda sonday bir zali’m su’wretlene me? Wolay yemes! Turmi’sta bir jani’n’a ra’ha’t bag’i’shlaytug’i’n adamni’n obrazi’ ko’rinedi. Minezi jag’i’nan da, kelbeti jag’i’nan da suli’w adamalar. Shayi’r usi’ adamni’ «suli’w yedi» dep nege ayti’p qoymag’an? Al, wol obraz arqali’ tu’sindiredi, sonli’qtan da «jani’n ali’w», «ju’regine wot jag’i’w» si’yaqli’ detallar arqali’ adamni’n’ suli’wli’g’i’n tu’sindirip woti’r. Demek, lirikali’q shi’g’armalarda ha’r qanday ideya, waqi’ya su’wretleniwi mu’mkin, biraq wolar tuwri’dan-tuwri’ yemes, shayi’rdi’n’ woyi’, qi’yali’ arkali’ su’wretlenedi. Su’wretlengen ha’diyse kitap woqi’wshi’da belgili ani’q ideyani’ payda yetedi.

Al, shayi’rdi’n’ «Bul dunyani’n’ ko’rki – adam balasi’» dep aytqani’, tuwra ayti’lg’an ga’p. Biraq, bul bir ga’p jarati’li’sta yen’ ko’rik berip turg’an insan yekenligi haqqi’ndag’i’ filosofiyali’q woydi’ bildiredi. Bul filosofiyali’q woy «wol adamni’n’ ko’kke jeter nalasi’» degen pikir menen jalg’asadi’. Jarati’li’sta adamzatti’n’ bul du’nyada jasawi’ da u’lken mashqalali’ yekenligin bildiredi. Shayi’rdi’n’ ja’miyet turmi’si’na, wo’mirge degen bahasi’:

*Ashi'q – yarsi'z, bu'lbil – gu'lsiz,*
*Kiyik – sho'lsiz, sona – ko'lsiz,*
*Ziywar aytur, yurti'z, yelsiz*
*Adam bir diywana men'zer.*

İnformaciyali'q janrdi'n' yen' tiykarg'i' sha'rti – fakttin' publicist wo'mir qubi'li'slari'ni'n' ja'miyetlik-siyasi'y mag'anasi'n ashi'p berip, juwmaqlar shi'g'aradi'. Jurnalistika teoriyasi'nan bizge belgili, publicistika janrlari': informaciyali'q, analitikali'q, ko'rkem publicistikali'q janlar toparlari'na bo'linedi.

İnformaciyali'q janrlardi'n' aldi'na qoyg'an tiykarg'i' maqseti, atamasi'nan ko'rinip ko'rinip turg'ani'nday, xali'qqa faktler tiykari'nda boli'p wo'tip ati'rg'an jag'day, qubi'li's, ha'diyse haqqi'nda operativ tu'rde mag'li'wmat beriw.

Demek, informaciyali'q janrlardi'n' sha'rti fakttin', ila'ji bolsa, tap ha'zir ju'z berip ati'rg'an jan'ali'q yekenligi ha'm qi'sqali'q. İnformaciyali'q janrlar topari' – "qashan?", "qay jerde?", "ne boldi'?", "kimler qatnasti'?" degen sorawlarg'a gana juwap beredi. İnformaciyali'q materiallarda sezimge ta'sir yetiwshi emocional boyawlardan, metafora, ten'ew, yumor, satira elementlerinen paydalani'lmaydi'.

İnformaciyali'q janrlarda ta'sirshen'lik –fakttin' mazmuni'na baylani'sli' boladi'. Jaqsi' fakt quwandi'radi', unamsi'z qubi'li'slar haqqi'ndag'i' faktler qapalandi'radi'.

Analitikali'q janrlardi'n' wo'zgesheligi – faktke tu'sinik beriw, wol haqqi'nda pikir ju'ritiw, juwmaq shi'g'ari'w qa'siyetleri ta'n. Publicistikali'q do'retpelerdin' aldi'na qoyg'an tiykarg'i' ha'm basli' wazi'ypasi', birinshiden xali'qti'n' social-siyasi'y, ekonomikali'q, ma'deniy turmi'si' haqqi'ndag'i' faktlerdi xali'qqa jetkerip beriwden ibarat. Yekinshiden, mag'li'wmatlarg'a ha'm haqi'yqi'y hu'jjetlerge su'yenip, bul mag'li'wmatlarg'a mu'na'sibet bildiredi, wolardi' bahalaydi', ko'z qarasi'n bildiredi. Solay yetip, ja'miyetlik sanani' pikirlewge bag'darlaydi', adamlardi'n' itibari'n tartadi',

qi’zi’g’i’wshi’li’qlari’n janlandi’radi’, du’nyaqarsi’na ken’eytiwge ta’sir jasaydi’, mashkalalardi’n’ sheshimin birge izlewge u’ndeydi.

Ko’rkem-publicistikali’q janrlarg’a ocherk, su’wretlew, esse, feleton, pamflet, kishi satirali’q janrlar kiredi. Bul janrlar ko’rkem a’debiyatti’n’ ko’rkemlew usi’llari’n, jurnalistikani’n’ hu’jjetke tiykarlanatug’i’nli’g’i’ni’n’ birigip ketiwinen jasaladi’. Ko’rkem turmi’s waki’yalari’n, faktlerin ko’rkemlew qurallari’ ja’rdeminde obrazlarda su’wretleydi. Bunda ko’rkem pikirlew birinshi wori’nda turadi’.

Bizin’ bul bap boyi’nsha teoriyali’q juwmag’i’mi’z sonnan ibarat, ko’rkem publicistika, ja’miyetlik poeziya, ja’miyetlik-publicistlik poeziya, lirika, lirik-publicistlik poeziya, siyasi’y-publicistlik lirika” terminleri a’debiyattani’w iliminde ushi’rasadi’.

Do’retiwshiliktin’ poeziya tu’rine, ko’birek, na’zik sezimtalli’q, woylardi’ obrazlarg’a bo’lep beriw qa’siyeti ta’n. Filosofiyali’q lirikag’i’ wo’mir qubi’li’slari’n jarati’li’s ni’zamli’qlari’ ko’z qarasi’nan ashi’p beriw ta’n. Al, grajdanli’q lirikag’a, avtordi’n’ turmi’sti’n’ fakt, waqi’ya qubi’sli’slari’na mu’na’sibet bildiriwi, bul fakttin’ unamli’ yaki unamsi’z na’tiyjelerin ashi’p beriwi, ha’tteki, faktlerge tiykarlani’p keleshekti boljaw da ta’n. Sonli’qtan da, poeziyada publicistikali’q pafos degende, ko’birek, grajdanli’q lirika ko’zde tuti’ladi’.



## *II BAP. A'jiniyaz Qosi'bay uli'ni'n' wo'miri ha'm woni'n' do'retiwshiliginde publicistikali'q woy derekleri*

Ulli' adamlardi'n' wo'mir tariyxi'n u'yrengenimizde, yen' aldi'n buri'n woni'n' tuwi'li'p wo'sken jerin, ta'rbiyalang'an ja'miyetlik wortali'g'i'n bilmey turi'p, wol haqqi'nda tariyxi'y haqi'yqatli'qlardi' ashi'w qi'yi'n. Bul ta'biyg'i'y ni'zamli'li'q. Sebebi, adamni'n' shan'arag'i', ta'rbiyalani'p jetilisken ja'miyetlik wortali'g'i' woni'n' kamali'na keliwge sebepshi bolg'an tiykarg'i' wo'mir mektepleri boli'p yesaplanadi'.

Karaqalpaqsti'n' ko'pshilik shayi'rlari'ni'n' tuwi'lg'an jerleri Aral a'tirapi', Qon'i'rat begligi sorami'nda xali'qti'n' yen' ko'p jaylasqan jerleri boli'p, bul ma'kanlarda qaraqalpaqlar, qazaqlar, aralli' wo'zbekler birge ko'she-ko'she boli'p si'g'asi'p woti'rg'an. Jerinin' ta'biyati' jag'i'nan ju'da' bir suli'w aydi'n-aydi'n shalqar ko'ller, ti'ni'q ag'i'p ati'rg'an wo'zek da'ryashalar ko'p boli'p, qali'n' tog'ayli'qlar menen qaplang'an. Xali'qti'n' ti'g'i'z jaylasqan jeri bolg'anli'qtan ju'da' ko'p toy-merekeler boli'p turatug'i'n, qosi'qshi'lar, si'rnayshi'lar, balamanshi'lar, sazendeler, baqsi', ji'rawlari', qi'ssaxanlari' ko'p, a'sirese, shayi'rlarg'a toli' yeller bolg'an. Ha'r bir awi'lda mektep, meshitleri bar, zamani'nda yen' sawatli' adamlar jaylasqan ma'kanlari'nan bolg'an. A'jiniyaz usi'nday qu'dretli ma'kanlarda tuwi'li'p, wo'sip jetilisken ha'm ta'rbiyalang'an.

A'jiniyaz Qosi'bay uli' (a'debiy laqabi' Ziyuar) 1824-ji'li' 12-aprel ku'ni Aral ten'izinin' qubla jag'i'si'nda A'miwda'ryani'n' sag'asi'nda tuwi'lg'an. Ha'zirge shekem A'jiniyaz shayi'rdi'n' wo'miri ha'm do'retiwshiligi boyi'nsha qansha da'rejede ilimiy izertlewler bolg'anli'g'i' menen woni'n' wo'sip jetilisken wo'mir mektepleri haqqi'nda toli'q bir mag'li'wmat bolmay, al

neshshe tu'rli bir-birewine usamaytug'i'n boljawlardi', mag'li'wmatlardi' ushi'ratami'z. Ma'selen, shayi'rdi'n' tuwi'lg'an awi'li' haqqi'nda ayri'm mag'li'wmatlarda «Qami's bo'get»[15] awi'li'nda tuwi'ldi'» dep ko'rsetse, ayi'ri'mlari'nda «Jetim wo'zek» degen jerde qi'yat ashamayli' awi'li'nda tuwi'lg'an[16] dep ko'rsetiledi.

A'jiniyaz ziyali', ruwhani'y shan'araqta du'nyag'a keledi. A'kesi Qosi'bay sawatli' axun adam bolg'an. Soni'n' menen birge, shayi'rshi'li'g'i' basi'm, ko'rkem so'zge i'qlasi' ba'lent, yadi'ger, xali'q tariyxi'n jaqsi' bilgen, sheshen ha'm taqi'wa kisi bolg'an, woni' ha'tteki tiri «Shejire» depte atag'an. Wol qi'ssaxan da yedi.

A'jiniyazdi'n' a'jag'asi' Baltabek, wortanshi' ag'asi' Aqjigit ma'rt, bati'r jigitler bolgan. Anasi' Na'ziyra so'zge sheshen, dilwar, suli'w hayali' bolg'an yeken.

Shayi'rdi'n' dayi'si' Elmurat axun sol da'wirlerdegi Qon'i'rat begligindegi u'lken, yelge belgili, sawatli' axun adamlardan biri bolg'an.

Jasli'g'i'nan baslap A'jiniyaz woqi'wg'a, bilimleniwge qi'zi'qqan. Wol da'slep Xodjamurad-imam medresesinde, son', dayi'si' Yelmuradtan da ko'p bilimlengen. Bolashaq shayi'r kitaplardi' ko'shirip jazi'w, shug'i'llani'p, abi'roy artti'rg'an. 16 jasi'nda A'lisher Nawayi'ni'n' ayri'm shi'g'armalari'n ko'shirip shi'qqan.

A'jiniyazdi'n' bul da'wirlerdegi wo'z atasi'nan ha'm Yelmurat axun meshitinde woqi'p ju'rip alg'an ta'sirleri, woylani'wlari' na'tiyjesin wol birinshiden, tu'rkiy xali'qlar ishinde wo'z xalqi'ni'n', qaraqalpaqlardi'n' da a'yyemgi xali'qlardan yekenligin, woni'n' bay tariyxqa, da'stu'rlerge, ta'jriybelerge iye xali'qlardan yekenligine ko'zi jetti. Wol xalqi'ni'n' bay

---

[15] *Биография Ажинияза.*
*ZiyoNET - Деятели*
foreign.ziyonet.uz›…people/**azhi**niyaz-kosybay-uly/

[16] Пахратдинов Ә,, Алламбергенов К., Аяпов Ш.
Әжинияз шайырдың өмири ҳәм жәмийетлик әдебий, мәдений орталығы
Fikr.Uz - Қарашлар, Шахслар ва Жамият Ajiniyoz nomidagi NUKUS DAVLAT PEDAGOGIKA INSTITUTI

ma’deniyat, bay folklor, a’sirese, yertekke bay xali’q yekenligine su’ysindi. Xalqi’ni’n’ u’lgili salt-da’stu’rleri, a’jayi’p lirikali’q shi’g’armalari’ A’jiniyazdi’ jas waqi’tlari’nan- aq wo’zine tartti’.

A’jiniyaz wo’mirinin’ usi’ a’jayi’p da’wirlerinde de ko’p shi’g’armalar jazi’w menen mashqul boldi’. Ma’selen: «Yol bolsi’n», «Go’zzallar», «Bir pariy», «Bozatawli’ na’zalim», «Sadaqa», «Dilbari’m» ha’m t.b. ko’p lirikalardi’ jazdi’. Bul shi’g’armalar sol da’wirlerdin’ wo’zinde-aq xali’qta A’jiniyazdag’i’ talanti’na, woni’n’ keleshekte qudiretli shayi’r boli’p jetisetug’i’nli’g’i’na isenim woyatti’.

Sol ji’llari’ A’jiniyazdi’n’ ko’p lirikali’q shi’g’armalari’ awi’ldag’i’ qi’z-jigitlerdin’ woti’ri’spalari’nda jan’lap, ha’tte awi’ldag’i’ baqsi’, ji’rawlardi’n’ repertuarlari’nan da wori’n aldi’. A’jiniyaz jas waqi’tlari’nan ilimge, muzi’kag’a qi’zi’qti’. Awdarma isleri menen de shug’i’llandi’. Wol meshite ji’ynalg’an bar qol jazba bayli’qlardi’ adamlardi’n’ yerkin woqi’wi’ ushi’n awdarmalap beretug’i’n bolg’an.

A’jiniyazdi’n’ ilimge, ko’birek tariyxqa, a’debiyatqa, filosofiyag’a, matematikag’a, fizikag’a, muzi’kag’a, a’sirese, awdarma islerine qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n ko’rgen, woni’n’ ha’r ta’repinen tasi’g’an talanti’n sezgen Yelmurat axun a’kesi Qosi’bay axun menen ma’slahatlasi’p woni’ sol da’wirlerdegi du’nyag’a belgili u’lken-u’lken qalalardag’i’ medireselerge woqi’wg’a jiberip ta’rbiyalaw ma’selelerin so’ylesedi. A’jiniyazdi’n’ a’kesi balasi’ ushi’n bul ma’selelerge qarsi’li’q yetpeydi.

A’jiniyaz wo’z woqi’wi’n Xiywada dawam yetken. Xorezmnin’ bul sha’ha’rinde wol da’slep, turkmen klassik-shayi’ri’ Maxtumquli’ woqi’p ketken Sherg’azi’ medresesinde ta’lim alg’an. Wonnan son’ Qutli’murat-inaq medresesinde woqi’g’an. Bul medresenin’ yesiginde: *«Bul jerde 1840-1845-ji’llarda shayi’r A’jiniyaz Qosi’bay uli’ woqi’gan»* degen jazi’w bar..

Qutli’murat-inaq medresesinde diniy ilimlerge qosi’msha shi’g’i’s klassik shayi’rlari’ Nawayi’, Xafi’z, Saadi, Fizulilardi’n’ qosi’qlari’n u’yrengen. Bunday so’z ustalari’ni’n’ do’retpelerine qi’zi’g’i’wshi’li’qti’n’ ta’siri,

A’jiniyazdi’n’ yerkinlikti su’yiwshi lirikasi’nda ayqi’n seziledi. Qutli’murat-inaq medresesindegi woqi’wi’n tamamlap A’jiniyaz tuwi’lg’an awi’li’na keledi ha’m ko’p uzamay Qazaqstang’a ketedi. Qazaqstanda bir ji’l bolg’annan son’, ashamayli’ uri’wi’nan Xa’mre degen qi’zg’a u’ylenedi, u’sh ul ha’m bir qi’zli’ boladi’. Ha’zirgi waqi’tta shayi’rdi’n’ a’wladlari’ Qon’i’rat, Qanli’ko’l, Shomanay rayonlari’nda, No’kis qalasi’nda bar yeken.

A’lbette, qa’legen shi’g’armada do’retiwshinin’ wo’mirden alg’an ta’sirleri, turmi’s tariyxi’ wo’z ta’sirin tiygizedi. A’jiniyazdi’n’ na’zik lirikasi’ni’n’ tiykari’ – jasi’li’q jiger, suli’wli’q, qi’z-jawanlardi’n’ go’zzalli’g’i’na su’ysiniwshilik. Al, woni’n’ ja’miyetlik lirikasi’na, yag’ni’y poeziyasi’nda publicistlik pafosti’n’ ju’zege keliwine ta’sir jasag’an mashqalalalar, turmi’s a’dalatsi’zli’qlari’, tariyxi’y waqi’yalar ko’p bolg’an.

Shayi’rdi’n’ qosi’qlari’ni’n’ tiykarg’i’ tematikasi’ xali’qti’n’ awi’r awhali’ boldi’. Sebebi, bul da’wirlerde xali’qti’n’ siyasiy ja’miyetlik jag’daylari’ jaqsi’ yemes yedi. 1827-ji’lg’i’ Qaraqalpaqlardag’i’ xali’q azatli’q gu’resleri qan menen basi’li’p, Aydos biydin’ basi’ ali’ni’p, ko’terilisti basqarg’an ko’p qaraqalpaq biyleri qamali’p, wo’ltirilip, Xiywa xanli’g’i’ siyasati’ menen xali’qta qatti’ awi’r keskin jag’daylar wo’mir su’rip turg’an da’wirleri yedi. Sali’q ko’lemi ha’r ji’lg’i’dan arti’p bardi’. Sebebi, a’sirese usi’ da’wirde xali’qti’n’ jasaw jag’daylari’ awi’rlasi’p, A’jiniyazdi’n’ a’kesi ulama axun adam bolg’an menen wolar da awi’ldag’i’ ku’nin wo’zi zordan ko’rip woti’rg’an xojali’qlardan bir yedi. Bul haqki’nda A’jiniyazdi’n’ wo’zi de wo’z shi’g’armalari’nda bir neshshe ma’rtebe jazadi’. Mi’sali’:

*Taw basi’nan aqsa aqi’sh,*
*To’menini sel qi’ladi’.*
*Yoqshi’li’qtan aqqan ko’z yash,*
*Rumali’mdi’ ho’l qi’ladi’.*

*Bu na’ qayg’i’, bu ne duman.*
*Bolalmadi’m da’rtten aman,*

*İshpey sharap, shegip a’fg’an,*
*Aqli’-huwshi’m lal boladi’.*

*…«Yoqshi’li’qtan ha’rdem sheker zahmeti»*

Wol wo’zinin’ bul pikirlerin basqa da qosi’qlari’nda dawam yetip, mashqalani’n’ sebebin izleydi. Xiywa xani’ni’n’ xali’qti’n’ basi’na za’wlim salg’an siyasati’n keskin qaralaydi’, bati’l pikirler aytadi’:

*Qasqaldaqqa bir ag’ari’ may pitse,*
*G’arqi’ldasi’p qonar ko’lin tani’mas,*
*Patshani’n’ da’wleti qaytayi’n dese,*
*Ko’zine may pitip, yelin tani’mas.*

Xali’qti’n’ baxti’na kesent yetip turg’an ja’bir-japa, uri’s aqi’betleri yekenligin xali’qqa qosi’g’i’ menen jetkizedi. Mi’sali’,

*Qumarti’p tegin aqshag’a,*
*Adamdi’ ko’mip paqshag’a,*
*Xali’qti’ sorag’an patshag’a,*
*Ku’nde-ku’nde uri’s kerek.*

*Sorli’ puxara xali’qqa,*
*Qol sozi’p ba’rha’ jari’qqa,*
*Ko’nbey birneshe sali’qqa,*
*Jaynap-jasnar zaman kerek.*

*…Shad boli’p da’wran su’riwge,*
*Payanli’ du’nya ko’riwge.*
*Qatar-qurbi’ menen ju’riwge,*
*A’jiniyazg’a zaman kerek.*

Mine, bunday qosi’q qatarlari’ shayi’rdi’n’ a’dalatsi’z ja’miyet qubi’li’slari’na bergen bahasi’ boli’p tabi’ladi’.

Xali’qti’n’ awi’r awhali’nan wolardi’n’ kewlindegi qapashi’li’q, ja’miyetlik pikir shayi’r qosi’g’i’nda to’mendegishe wo’z sa’wlesin tapqan. Mi’sali’,

*Kun’glimden g’amdur a’lem,*
*So’zlesem shi’g’ar dembe dem,*
*Man’a so’zden basqa a’gam,*
*Hesh na’ma’rse bergen yoqti’.*

(«Yoqti’»)

Bul da’wirde xan zuli’mi’nan ja’bir ko’rgen wo’zbek ha’m qaraqalpaq xali’qlari’ mudami’ awi’zbirshilikte jasap kelgen. Keskin siyasiy waqi’yalarg’a qaramastan tiykarg’i’ xali’q bir-birine tilekles bolg’an. Wolar arasi’nda ti’g’i’z ekonomikali’q ha’m ma’deniy baylani’slar hesh toqtamag’an. Qa’lese, qaraqalpaq jaslari’ Xiywa, Go’ne Urgensh ma’dreselerine bari’p woqi’ydi’.

A’jiniyaz jasag’an da’wirdin’ ja’ne bir u’lken waqi’yasi’, 1858-1859-ji’llari’ Xorezm woazisinde jasag’an xali’qlardi’n’ turmi’si’ndag’i’ u’lken waqi’ya Qon’i’rat ko’terilisi ju’z bergen. Bul waqi’ya A’jiniyaz do’retiwshiliginin’ mazmuni’na u’lken ta’sir jasag’an. Wo’z yelinin’ patrioti’ ha’m bilimli azamati’ bolg’an shayi’r bul waqi’yag’a biypa’rwa qaray almaydi’ ha’m wog’an belsene qatnasadi’. Bunnan son’ Xiwa hu’kimeti bul ko’terilistin’ jolbasshi’lari’ni’n’ biri si’pati’nda shayri’di’ Turkmenistang’a jer awdaradi’. Bul qayg’i’li’ qubi’li’s A’jiniyazdi’n’ a’debiy do’retiwshiliginlde u’lken iz qaldi’rg’an. Bul da’wirde shayi’r wo’zi medreseden berli bilgen Maxtumkuli’ni’n’ ko’p g’ana qosi’qlari’n qaraqalpaqshag’a awdarmalag’an. U’sh ji’ldan son’ A’jiniyaz Watani’na qaytadi’, biraq, ja’ne de quwdalawlarg’a giriptar boladi’. Usi’g’an baylani’sli’ shayi’r ja’ne Qazaqstang’a jo’neydi. Mine, usi’ da’wirlerde 1864-ji’li’ A’jiniyaz poeziyasi’nda wo’zgeshe qubi’li’slar ju’z beredi.

İlimpazlardi’n’ belgilep ko’rsetiwinshe, Qazaqstanda bolg’an ji’llari’ A’jiniyaz do’retiwshiliginin’ ayri’qsha gu’llegen ji’llari’ yeken. Shette ju’rip, bir jag’i’ Watan sag’i’ni’shi’, yelinin’ da’rtleri haqqi’nda ko’birek pikirlep,

woylani'w, woni'n' ko'p g'ana ja'miyetlik pikirge woy sali'wshi' publicistlik ilha'mg'a quri'lg'an qosi'qlari'ni'n' ju'zege keliwine sebepshi bolg'an. *«Yellerim bardi'», «Barmeken?», «Bardi'», «Megzer», «Ayri'lsa», «Xoshlasi'w»* ha'm t.b. Bular qaraqalpaq klassikali'q a'debiyati'ni'n' yen' bir hasi'l du'rdanalari' bolg'an filosofiyali'q-publicistlik ruwhtag'i' shi'g'armalar boli'p tabi'ladi'.

Demek, dan'qi' a'lemge jayi'lg'an «Yellerim bardi'» qosi'g'i' da usi' da'wirde jazi'lg'an yeken. Bul qosi'qti'n' keypiyati' maqtani'shli', mazmuni' yelinin' qa'dirin, yen' jaqsi' qa'siyetlerin uli'g'lawdan ibarat. Mi'sali':

*Wo'tirikti ras yetip aytpag'an,*
*Bas ketse de tuwri' joldan qaytpag'an.*
*Na'ma'hremdi hasla joldas tutpag'an,*
*Ati' qaraqalpaq ellerim bardi'.*

*So'ylegende sheker yeter so'zin'di,*
*Ko'rgende biymag'rur yeter wo'zin'di,*
*Ba'ha'ri toydi'rar yeki ko'zin'di,*
*La'yli, Zu'la'yxaday qi'zlari' bardi'.*

Al, ja'ne usi' temadag'i' «Megzer» qosi'g'i' basqasha, mun'li' motivte, quwdalawlarg'a giriptar bolg'an insanni'n' Watan sag'i'ni'shi' haqqi'ndag'i' publicistikali'q bahalaw ha'm filosofiyali'q juwmaqlarg'a quri'lg'an. Mi'sali':

*Ag'a, begler, ko'n'lim yetim,*
*Ashi'lmas dumana men'zer,*
*Bir basi'mdag'i' ha'siretim,*
*Girdabli' ummana megzer.*

*…Arzi'wlar kezgu'si si'ng'an,*
*Suwlar a'sbek boli'p ti'ng'an,*
*Yetim ko'n'lim bayg'ush qong'an,*
*Bir ko'shki-a'ywana megzer.*

*Ashi’q – yarsi’z, bu’lbil – gu’lsiz,*
*Kiyik – sho’lsiz, sona – ko’lsiz,*
*Ziywar aytur, yurti’z, yelsiz*
*Adam bir diywana megzer.*

Usi’ jerde ilimpaz ustazi’mi’z M.Jumamuratovani’n’; «Publicistika − insanni’n’ ta’biyat ha’m ja’miyet penen jarasi’qli’ u’ylesimine kesent keltirip ati’rg’an aktual ma’selelerdi sheshiwdi go’zleytug’i’n, ilim, jurnalistika, a’debiyat elementlerin qamti’g’an do’retiwshilik tu’ri»[17] degen pikirlerine toli’q qosi’lami’z.

Mine, tuwi’lg’an yel sag’i’ni’shi’nan tuwi’lg’an shayi’rdi’n’ woy juwmag’i’:

*Yelinen ayri’lg’an diywana bolu’r,*
*Yari’nan ayri’lg’an biyga’na bolu’r,*
*Ha’rreler ushuban pa’rwana bolu’r,*
*Uyasi’ buzi’li’p, paldan ayri’lsa.*

*G’osh yigitnin’ da’wleti bar bashi’nda,*
*Ha’m ag’asi’ ha’m inisi qashi’nda,*
*Ha’rkim wo’z yelinde, ten’i tushi’nda.*
*Yigit qa’diri bolmas yeldin ayri’lsa.*

***(«Ayri’lsa»)***

Shayi’rdi’n’ adam qa’diri haqqi’ndag’i’ yen’ ulli’ do’retpeleri usi’ da’wirdegi wo’z basi’nan keshken waqi’yalar tiykari’ndag’i’ publicistilik woy juwmag’i’nda payda bolg’an. Bul da’wirde shayi’rdi’n’ teren’ filosofiyali’q-publicistikasi’ni’n’ ju’zege keliwine ta’sir jasag’an pikir sonnan ibarat, «Bul du’nyani’n’ ko’rki adam balasi’», «Wol adamni’n’ ko’kke jeter nalasi’» boli’p

---

[17] «Еркин Қарақалпақстан», 22-апрель 2014,№48(19510).

ati’rg’anli’g’i’, «Adam ug’li’-ha’rgiz g’api’l bolmasi’n» degen tilekleri yesaplanadi’. Mi’sali’,

*Adam ug’li’-ha’rgiz g’api’l bolmasi’n,*
*Qi’zi’l gu’li g’umshalani’p solmasi’n.*
*Aq ju’zine sarg’i’sh qayg’i’ tolmasi’n,*
*Hali’ qi’yi’n qanati’nan qayri’lsa.*

*Bul du’nyani’n’ ko’rki adam balasi’,*
*Adamni’n’ da ko’kke jeter nalasi’.*
*Ko’n’ildin’ ko’p bolar qayg’i’ japasi’.*
*Xosh qi’li’qli’ sa’wer yardan ayri’lsa.*

Al, woni’n’ shayi’rli’q stilinin’ ja’ne je wo’tkirlesiwine ta’sir jasag’an ja’ne bir na’rse, bul qazaq jurti’nda shayi’r ayti’s janri’ni’n’ sheberine aylanadi’. Woni’n’ bul sheberligi qazaqti’n’ ataqli’ shayi’r qi’zi’ Qi’z-Men’esh penen ayti’si’nda ja’ne de jetilisedi. Awi’z a’debiyati’ni’n’ basqa da’stu’riy janrlari’na qarag’anda ayti’s qaraqalpaq ha’m qazaq xali’qlari’nda ken’irek taralg’an ha’m ayti’sta jen’iw u’lken abi’roy bolg’an. 1878-ji’li’ Tashkentte shi’g’atug’i’n «Turkistan wa’layati’» gazetasi’nda wol haqqi’nda material da ja’riyalang’an.

A’jiniyazdi’n’ ayti’s janri’ndag’i’ tekstlerine qarag’anda, bul waqi’tta shayi’r qi’ri’q jasta bolg’an. A’jinyaz shayi’r menen Qi’z Men’eshtin’ ayti’si’nda xali’qti’n’ etnografiyasi’ menen baylani’sti’ ko’riwimizge boladi’. Mi’sal ushi’n, Qi’z Men’eshtin’ to’mendegi sorawlari’n keltirip wo’temiz:

*Ayti’si’p menin’ menen tirewin’ kim?*
*Ji’g’i’lsan’ ko’p ishinde su’yewin’ kim?*
*Qalpaqpi’san’, sartpi’san’, wo’zbekpisen’?*
*A’ken’ qoyg’an ati’n’ kim? su’yewin’ kim?*

Bug’an A’jiniyaz shayi’r juwap retinde:

*Bir alladan joq basqa si’ni’wi’m,*
*Qudayi’m inam yetken buyi’ri’wi’n,*
*A’kemnin’ qoyg’an ati’ A’jiniyaz,*
*Milletim qaraqalpaq-saq uri’wi’m.*

Shayi’rdi’n’ juwabi’nda wo’zine arnap qoyi’lg’an ati’n’ ha’m milletin ja’ne de wo’z uri’wi’n saq dep tani’sti’rg’ani’nda ko’riwge boladi’.

Qi’z Men’esh qaraqalpaq xalqi’ni’n’ etnografiyasi’ menen tani’s yemesligin aytadi’ ha’m wol qaraqalpaq xalqi’ni’n’ jasaw turmi’si’na baylani’sli’ sorawlardan baslaydi’. Mi’sali’:

*Yerten’ tura azannan yel ko’shedi,*
*Ko’shken ku’ni adamni’n’ ko’nli wo’sedi,*
*Xojeke, sennen bir so’z sorayi’n,*
*Qi’zlari’n’i’z ne jeydi, ne ishedi?*

Juwap retinde to’mendegishe keltiredi:

*Jegeni mayli’ palaw, ishkeni shay,*
*Shay iship palaw jese kewili jay,*
*Qoli’nda shi’nni’ kese, shi’ni’ sha’ynek,*
*İshedi qantli’ shaydi’, qara suwday.*

*Basi’nda jipek tu’rme, shayi’ jegde,*
*Qi’zlari’ bizin’ yeldin’ mine sonday.*
*Qi’zlari’ bizin’ yeldin’ ana quwday,*
*Qazaqqa bi’lti’r keldim,bi’yi’l keldim,*
*Men yele ko’rgenim joq qi’zdi’  wonday.*

Shayi’r wo’z xalqi’ni’n’ qi’zlari’n jaqsi’ ta’riyplep beredi. Wonda awqatlani’wi’nan baslap, kiyimlerin de ayti’p wo’tedi. Ha’r dayi’m qantli’ shaydi’ qara suw worni’nda ishedi dep al, kiyimlerin bolsa basi’nda jipektep

tigilgen tu’rme ha’m shayi’ degen qi’mbat bahali’ materialdan jegde kiyedi ha’m quwday dep  tani’sti’radi’.

Biz jumi’sti’n’ birinshi babi’nda “A’jiniyazdi’n’ wo’mir bayani’na qarasaq, A’jiniyaz shayi’r Qazaqstanda boli’p, Molla Qojban degen baydi’n’ u’yinde qazaq balalari’n woqi’tqan” degen yedik. Mag’li’wmatlarg’a qarag’anda, shayi’r Qazaqstannan wo’z yeline kelgennen son’ A’jiniyaz «Bozataw», «Qami’s bo’get», «Jetim wo’zek» awi’llari’nda jarli’ balalari’n woqi’ti’p sawatlandi’ri’w menen shug’i’llang’an.[18]

Woylani’p karasan’, keleshek a’wladti’ ta’rbiyalaw isi ha’mme da’wirdin’ de tiykarg’i’ mashqalalari’ni’n’ biri bolg’an. Baspaso’z betlerin woqi’p qarasan’, woqi’ti’wshi’lar, ilimpazlar, basqa da ka’sip iyeleri bala ta’rbiyasi’na, wolardi’ sawatlandi’ri’wg’a baylani’sli’ ko’p publicistikali’q materiallar ja’riyalaydi’.

A’jiniyaz Qosi’bay uli’ wo’zinin’ woqi’ti’wshi’li’q xi’zmetinde balag’a dene jazasi’n qollani’p oqi’ti’wdi’ unamsi’z qubi’li’s dep bahalap, bul illetti mashqala yetip ko’tergen. Soni’n’ ushi’n da wol wo’zinin’ «Baxi’t» atli’ qosi’g’i’nda «İmam degen iymansi’z, Ji’lasam urdi’ kerip» - dep balag’a dene jazasi’n qollang’an ustazlari’n a’shkaralaydi’. Bar bilimin jetkerip bilmegen ustazg’a karata: «Ma’sele aytpag’an ulama, suwi’ joq, arnag’a megzer»- deydi.

A’jiniyaz Qosi’bay uli’ni’n’  wo’miri ha’m ja’miyetlik wortali’g’i’ haqqi’ndag’i’ izerlewlerge qarag’anda woni’n’ bay do’retiwshilik pafosi’ni’n’ tiykarg’i’ derekleri haqqi’nda qosi’msha bir qansha  juwmaqlardi’ keltirip wo’tsek wori’nli’ boladi’.

A’jiniyazdi’n’ ata-anasi’ balasi’ni’n’  ha’r ta’repleme bilim ali’wi’ ushi’n bar sha’riyatlardi’ wog’an jaratadi’. Woni’n’ neshe jaslari’nan qosi’q jazg’ani’ tuwrali’ mag’li’wmatlar ha’zirshe joq.

---

[18] Ә.Пахратдинов, К.Алламбергенов, Ш.Аяпов.
Әжинияз шайырдың өмири ҳәм жәмийетлик әдебий, мәдений орталығы
Fikr.Uz - Қарашлар, Шахслар ва Жамият  Ajiniyoz nomidagi NUKUS DAVLAT PEDAGOGIKA INSTITUTI

Biraq, yelden shayi'r wo'mirine baylani'sli' mag'li'wmatlardi' ji'ynag'an ji'llari', ma'selen 1930-ji'llarda kishkene jaslari'nan aq qosi'q jazg'an. Wol a'debiyatti' ju'da' jaqsi' ko'rgen. A'sirese, wol muzi'kag'a ko'p qi'zi'g'atug'i'n bolg'an. Woti'ri'spalarda qosi'q aytqan, qi'ssaxanlar qi'ssa woqi'g'an jerlerden shi'qpaytug'i'n bolg'an. Wol jerdegi ayti'lg'an qosi'qlardi' tez yadlap alatug'i'n qa'biyletlikte A'jiniyazda ku'shli bolg'an.

Solay yetip, wol kishkentayi'nan xali'q ma'deniyati'ni'n' qudretliliklerine ju'da' qi'zi'qqan ha'm ha'wes yetken.

A'jiniyazdi'n' wo'z ata-anasi'ni'n' tilegi boyi'nsha Yelmurat axunni'n' ta'rbiyasi'na wo'tiwi woni'n' wo'mirine du'nya ilim, pa'ni ha'm ma'deniyati'ni'n a'jayi'p tilsimli qu'dretliliklerine qaray qa'dem basi'wi'na u'lken mumkinshilikler jaratti'. Wol jerdegi kitapxanadag'i' ji'ynalg'an kitap bayli'qlari' jas A'jiniyazdi'n' ilim ha'm a'debiyatqa bolg'an qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n woyatti'. Wol meshitten bos waqi'tlarda meshittin' kitapxanasi'ndag'i' kitaplardi' woqi'w menen ba'nt boldi'.

Ja'ne bir aytatug'i'n jeri, A'jiniyazdi'n' bul jerde ko'rkem a'debiyatqa bolg'an u'lken qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'na sa'ykes keletug'i'n meshitte da'stu'riy waqi'yalar ko'p bolg'an. Ma'selen, wol jerde talabalar jataxqanasi'na jas ha'm kekse shayi'rlar tez-tez ji'ynali'si'p, wolar wo'z qosi'qlari'n woqi'tatug'i'n yedi. A'debiyat, ko'rkem-wo'ner ma'selelerine sol da'wirlerde yelge ko'p taralg'an qaysi' xali'qti'n' shayi'rlardi'n' shi'g'armalari'n yamasa qosi'qlari'n bolsa qaraqalpaq tiline awdari'p, yeldegi sol zamandag'i' shayi'rlarg'a wolarg'a qosi'q jazi'wg'a u'lgi yetip ko'rsetiw kerek degen ma'selelerde u'lken ga'pler, tarti'slar boli'p turg'an. Ko'binese, wol jerde ta'jiriybeli u'lken shi'g'armalar Rudakiy, Ferdawsiy, Sadiy, Nizamiy, Lutfiy, Womar Hayyam ha'm Nawayi' shi'g'armalari'n qaraqalpaq tiline awdari'w kerek dep, wolardi'n' qosi'qlari'nan ji'ynalg'an shayi'rlarg'a u'lgi ushi'n mi'sallar ko'rsetip, shi'g'armalar woqi'p bergen, janli' mi'sallar menen ko'rsetken. Bul A'jiniyazdi'n' wo'mirine u'lken ta'sir jasaydi'. Yelmurat axun meshitindegi bul jag'daylar sol da'wirdegi yel u'stinde ju'rgen a'meldarlarg'a jaqpaydi' da yeken.

Solay yetip, A’jiniyazdi’n’ Yelmurat axunni’n’ qoli’na wo’tiwi woni’n’ islam ilim-pa’n, ma’deniyatti’n’ qudretliliklerinen ti’sqari’ tu’rkiy xali’qlar ilim, pa’n ha’m ma’deniyatti’n’ bul tarawda wo’zlerine i’layi’q rawajlani’w da’stu’rleri bar yekenligine ko’zi jetedi. Woni’n’ ko’z aldi’nda basqasha jan’a du’nya ashi’ladi’.

A’sirese, wol ilim, a’debiyat, ma’deniyatti’n’ ha’mme yeller, ha’mme xali’qlar ushi’n ten’dey xi’zmet atqarati’g’i’nli’g’i’na isenimi paydi’ boladi’. Usi’lardi’n’ ishinde, a’sirese a’debiyat, ma’deniyat xali’qti’n’ ruwxi’y bayli’g’i’, ruwxi’y wo’miri yekenligine isenimi artadi’. Sol ushi’n A’jiniyaz ilim menen wog’an qosi’msha shayi’rshi’li’qti’ jetilistiriwdi wo’zine tiykarg’i’ maqset yetip alg’andi’ maqul ko’rdi.

Ja’ne de bul jollar wo’z yeline, xalqi’na xi’zmet yetiwdin’ birden bir joli’ dep tu’sindi. Shayi’rdi’n’ jas waqi’tlardag’i’ wo’zine saylap alg’an maqsetli wazi’ypalari’ni’n’ biri boldi’.

Sol ushi’nda A’jiniyaz jas waqi’tlari’nan aq wo’zinde ilimdi ha’m shayi’rshi’li’qti’ jetilistiriw qi’yi’n yekenliginde ko’rdi. Wol bul wazi’ypalarg’a jetisiw ushi’n ilimi, pa’n ha’m ma’deniyati’n iyelew menen birge shayi’rshi’li’qta Ferdawsiy, Nizamiy, Xi’sraw, Dehlebiy, Saadiy, Lutfiy, Ja’miy Womar Hayyam, Nawayi’, Fizuliy, Maqtumquli’ miyraslari’n qunt penen u’yreniwdi wo’zine maqset yetip qoydi’. Sebebi, turkiy xali’qlar ma’deniyati’ tariyxi’y bul ulli’ so’z sheberlerinin’ mekteplerinin’ da’stu’rlerinde ta’rbiyalanbay turi’p wo’zinshe jol tawi’p rawajlani’wi’ mu’mkin yemes yekenligine wol toli’q tu’sindi.

Yelmurat axun A’jiniyazg’a Bag’dat, Qi’rat sha’xa’rlerindegi u’lken ataqli’ mediresele rge, bolmasa Stanbuldag’i’ medresede, yen’ kem degende Buxaradag’i’, Xiywadi’g’i’ medireselerde woqi’p, wolardi’ pitirip ta’rbiyalani’p shi’g’i’wdi’ na’siyat yetedi. Bul ma’sele tek bir A’jiniyazdi’n’ wo’zi ushi’n yemes, xali’qti’n’, millettin’ keleshegi, woni’n’ baxi’ti’-saadati’ ushi’n kerek yekenligin ko’rsetedi. Ustazdi’n’ bul usi’ni’s jas A’jiniyazg’ada, a’kesi Qosi’bay axung’a da unaydi’. A’jiniyaz ustazi’ni’n’ na’siyati’ boyi’nsha wol bul ulli’ ilim

woraylari’nda bari’p woqi’wdi’ a’rman yetedi. A’tten’, A’jiniyazdi’n’ socialli’q ahwallari’ woni’n’ u’lken ulli’ medireselerge bari’p woqi’wg’a mu’mkinshilik bermeytug’i’n yedi.

*Du’nyada Ziwardek da’rtli kisi yoq,*

*Biyda’rtlerdin’ buni’n’ bila’n isi yoq,*

*Yalg’anshi’da za’rre kun’il qoshi’ yoq,*

*Ma’zi taqi’r-taqi’r tili bolmasa,* -degen yedi A’jiniyaz babami’z.

Shi’ni’nda da, shayi’rdi’n’ «ti’qi’r-ti’qi’r tili» ti’nni’m tappag’an. Wo’zi du’nyadan wo’tken 1878-ji’lg’a shekem ti’ni’msi’z qosi’q jazg’an.

**Juwmaqlap aytqanda**, shi’ni’nda da, ulli’ klassik shayi’r xali’q da’rti menen jasap, «du’nyada yen’ da’rtli kisi» bolg’an, «ti’qi’r-ti’qi’r tili» xali’q baxi’ti’na tilekleslikten sharshamag’an. Sonli’qtan da, xali’q shayi’rdi’ ma’n’gi qa’sterleydi. Woni’n’ wo’z zamani’ndag’i’ wo’mir qubi’li’slari’na baha berip, ku’nnin’ a’hmiyetli faktleri haqqi’ndag’i’ ja’miyetlik pikirge ta’sir jasag’an do’retpeleri publicistikali’q woy si’pati’nda jurnalistlik sheberlikti artti’ri’w dereklerinin’ bir boli’p qala beredi.



# III BAP. A’jiniyaz miyrasi’ni’n’ jurnalistlik sheberlikti jetilistiriwdegi a’hmiyeti

Qaraqalpaqti’n’ wo’tkendegi ju’regin da’rt jaylag’an shayi’rlari’na qulaq salsan’i’z, wolardan a’rmanli’ pa’ryad yesitesiz. Bular xali’q ushi’n haqi’yqat aqtari’p ko’terilgen pa’ryadlar yedi. Jiyen ji’raw, Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq da’rbadar bolg’an, tozg’i’p ketken, basi’nan qanshadan – qansha pa’leketlerdi, qanli’ apatlardi’ keshirgen xali’qti’n’ qayg’i’- zari’n qosi’qqa sali’p ji’rladi’.

Qaraqalpaqti’n’ birigip xali’q boli’wi’nda, qorqi’ni’shli’ tariyxi’y si’naqlardan aman shi’g’i’wi’nda, wo’z birligin saqlap kali’wi’nda, teren’, milliy belgilerinin’ qa’liplesiwinde ha’m qarar tabi’wi’nda usi’ xali’q ishinen XXYIII- XIX a’sirlerde jetisip shi’qqan shayi’rlardi’n’ tutqan worni’ wog’ada u’lken boldi’. Wo’tkendegi qaraqalpaq shayi’rlari’ wo’zlerinin’ xali’qqa, a’sirese qarapayi’m miynetkesh xali’qqa jaqi’nli’qlari’, shi’n ma’nidegi xali’qshi’lli’g’i’ menen aji’rali’p turadi’. Wolar a’piwayi’ ha’m wog’ada ta’sirshen’ shi’g’armalari’nda xali’qti’n’ qa’dir-qi’mbati’n biyikke ko’teretug’i’n, beglik inabati’n woyatatug’i’n, gu’resshen’likke ha’m jasawg’a talpi’ndi’ratug’i’n ideyalardi’ ku’shli ruwhlani’w menen ji’rladi’.

«A’jiniyaz do’retiwshiliginde publicistikali’q pafos» atamasi’ndag’i’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’n jazi’w dawami’nda, sonday pikirge keldik, bul ulli’ shayi’rdi’n’ a’debiy miyrasi’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ pu’tkil ruwhi’y turmi’si’na u’lken ta’sir jasag’an. Bul do’retpeler a’debiyat, tariyx, pedogogika, filosofiya, ko’rkem wo’ner tarawlari’na aytarli’qtay bay materiallar beredi. Soni’n’ menen birge ha’r qi’yli’ tarawda qa’niyge tayarlaw isinde de aytarli’qtay roli bar.

Mi’sali’, ilipaz Reyimov Rustem A’jiniyaz shayi’rdi’n’ uli’wma filosofiyali’q, social-etikali’q du’nyaqarasli’q tiykarlari’n izertledi.[19]

Al pedogog ilimpaz Arzi’Fazi’lov A’jiniyaz shayi’rdi’n’ pedogogikali’q xi’zmetlerin ayta kelip, ha’zirgi waqi’tta da pedogog qa’niygelerdi tayarlaw isinde A’jiniyazdi’n’ ustazli’q islerin u’lgi si’pati’nda men’geriwdi usi’ni’s yetedi. Wol mi’naday pikirlerdi bildiredi:

«Buni’n’ ushi’n mug’allimler qaraqalpaq xalqi’ni’n’ folklorli’q materiallari’nan, shayi’r ha’m jazi’wshi’lari’mi’zdi’n’ shi’g’armalari’nan sheberlik penen paydalanadi’. Ma’selen, woqi’ti’wshi’ wo’z studentlerinde do’retiwshilik wortali’qti’ payda yetiw ushi’n Ajiniyaz Qosi’bay uli’ni’n’ shi’g’armalari’nan paydalani’wi’ mu’mkin.

Sebebi qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ulli’ shayi’ri’ A’jiniyaz Qosi’bay uli’ (1824-1878) wo’z zamani’nda mug’allimshilik ka’sip penen shug’i’llang’an ziyali’lardi’n’ ishindegi yen’ ko’rneklisi, Qaraqalpaqstan, Qazaqstan jerlerinde xali’q balalari’ ushi’n mektep ashi’p, jas a’wladqa ta’lim ha’m ta’rbiya beriw isleri menen shug’i’llang’an, jetik ta’jriybege iye, hu’rmetli ustaz. Wol wo’zinin’ mug’allimshilik xi’zmetinin’ bari’si’nda jaslarg’a bilim beriwdin’, wolardi’ tez sawatlandi’ri’wdi’n’, balalar arasi’nda do’retiwshilik wortali’qti’ qa’liplestiriw jollari’n’, usi’llari’n sheberlik penen wo’zlestirgen ali’m. A’jiniyaz Qosi’bay uli’ wo’zinin’ woqi’ti’wshi’li’q xi’zmetinin’ bari’si’nda woqi’ti’wdi’n’ yen’ qolayli’ jollari’n ti’nbay izlestiredi, tabadi’, woqi’ti’w procesinde si’naqtan wo’tkeredi ha’m si’naw jumi’slari’n dawam yetedi. Bunday ibratli’ isler bari’si’nda barqulla wo’zinen aldi’n’g’i’ ta’jiriybelerdi, Sherg’azi’ xan medresesinde ali’ng’an teoriyali’k bilimlerdi sali’sti’ri’p ko’redi. Wol woqi’ti’w islerinde balalardi’n’ jas ha’m jeke wo’zgesheliklerin yesapqa ali’wdi’n’, balalardi’ klass-sabaq sistemasi’nda woqi’ti’wdi’n’, woqi’ti’w

[19] Реймов Р. Социально-этические взгляды Ажинияза . Автореф. и дис.cheloveknauka.com›sotsialno-eticheskie…azhiniyaz

islerinde ko'rgizbelilikti paydalani'wdi'n', a'sirese belgili bir sorawg'a alternativali' bir neshe juwaplardi'n' boli'wi'n na'zerde tutadi'».[20]

Biz wo'z gezegimizde soni' aytar yedik, jurnalistlik qa'niyge tayarlawda da A'jiniyaz do'retpelerinin' a'hmiyeti ayri'qsha. Jurnalist, yen' da'slep, so'z sheberligin teren' men'geriwi tiyis. A'jiniyazdi'n' qosi'qlari'ni'n' bul ma'selede ja'rdemi sheksiz.

Shayi'r shi'g'armalari'ndag'i' ku'ndelikli turmi's qubi'li'slari'na baha beriw, belgili bir woydi' bildiriw ushi'n faktler ja'minen paydalani'w, faktlerge su'yenip belgili bir juwmaq jasaw arqali' ja'miyetlik pikirdi qa'liplestiriw sheberligi, qosi'qlari'ndag'i' publicistikali'q pafos ha'r bir jurnalisttin' u'yreniwi tiyis ta'repleri boli'p tabi'ladi'.

Jurnalisttin' ha'r qashan waqi'ya worayi'nda boli'p, L.Tolstoydi'n' aytqani'nday, «so'ylemey tura almaw» si'yaqli' belgisi A'jiniyaz babami'zdi'n' do'retiwshiliginin' tiykarg'i' bag'dari' boli'p tabi'ladi'. Bunday mi'sallardi' shayi'rdi'n' ko'pshilik qosi'qlari'nan tabi'w mu'mkin. Mi'sali':

*So'zle ha, bu'lbil zibani'm,*
*Yeki kelu'r zaman yoqti', qa'dirin tu'sinip*
*Keter bir ku'n shiyrin jani'm,*
*Bu sa'zimde gu'man yoqti'.*

*...Ko'n'limda' g'am, da'rdi a'la'm,*
*So'zla'sa'm shi'qar da'mba'da'm,*
*Ma'n'a so'zdin' bashqa iga'm,*
*Heshna'ma'rsa' bera'n yoqti'.*
*("Yoqti'")*

*Waqti'm wo'tti sa'rdar degen,*

---

[20]Пазылов А. Пединститут студентлери арасында дөретиўшилик орталықты қәлиплестириў ислеринде Әжинияз Қосыбай улы шығармаларынан пайдаланыў. Бас бет. Pazilov.uz

*Sawash bolsa qardar degen,*
*Bul ga'pimnin' parqi'n bilgen,*
*Udayi'na ayti'w kerek.*

*("Kerek")*

*Men bu'yerde ju'rgen ishi za'rdeli,*
*Yel jurtti' ko'rmegen ag'i'r da'rdeli,*
*Kewlimnin' xoshi' joq men ha'm bir da'rtli,*
*Aytsam ishte tolg'an ha'diysim bardi'.*

*(«Yellerim bardi'»)*

Jurnalistikani'n' tiykarg'i' principi haqi'yqatshi'lli'qti' tu'sindiriwde A'jiniyazdi'n' mi'na qatarlari' u'lgi boladi':

*Wo'tirikti i'ras yetip aytpag'an,*
*Tuwri' joldan bas ketse de qaytpag'an,*
*Na'ma'hra'mdi hasla joldas tutpag'an,*
*Ati' qaraqalpaq yellerim bardi'.*

*...Nesip aydap sizin' yellerge kelgen,*
*Kim jaqsi', kim jamap parqi'ni' bilgen,*
*Ha'r ne bari'n sizge bayan a'ylegen,*
*Qalpaqti'n' Ka'miyne Ziywari' bardi'*

"Jurnalistika tarawi'nda sabaqli'qlar, qollanbalar jazi'p, studentlerdi qa'nigelikke bag'darlawg'a kiriser yekenbiz, biz demokratiyali'q woy tiykari'nda jan'asha bilimlendiriw jollari'n izlewimiz da'rkar. Adamzatti'n' toplag'an bilimlerinin' du'r-ja'wharlari'n, sonday-aq, jaqsi' teoriyali'q sheshimlerge iye jurnalistika tarawi'ndag'i' bar miynetlerge su'yenip, jergilikli qa'lem ustalari'ni'n' ko'rkem sheberliktin' mashqalali' jollari' haqqi'ndag'i' sezingenlerin yesapqa ali'p, solay yetip, uli'wmainsanli'q tiykardag'i' milliy jurnalistika ilimimizdi jarata ali'wi'mi'z tiyis"[21] dep ko'rsetedi f.i.k., docent

[21] Жумамуратова М. Халық шайырлары шығармаларында шеберлик мәселеси.

M.Jumamuratova "Xali'q shayi'rlari' shi'g'armalari'nda sheberlik ma'selesi" dep atalg'an maqalasi'nda. İlimpazdi'n' uji'batli' pikirleri jol siltewinshe, jurnalist miyneti wo'ndirislik-do'retiwshilik tu'ste. Demek, jurnalist do'retiwshilik baslamasi' jag'i'nan jazi'wshi', shayi'r (yaki su'wretshi) si'yaqli' izleniwshen'.

Sonli'qtan, xali'q shayi'rlari'ni'n', uli'wma qa'lem ustalari'ni'n' do'retpelerindegi ko'rkem sheberlik haqqi'ndag'i' pikirleri bolajaq jurnalistler ushi'n u'lken mektep bolari' so'zsiz. Bizde ta'jriybeli, sheber jurnalistler ko'p bolsa da, wolar wo'zlerinin' do'retiwshilik ta'jriybeleri menen wonsha wortaqlaspag'an. Qon'si'las xali'qlardi'n' jurnalistika ma'seleleri haqqi'ndag'i' tasti'yi'qlawlari' da tek jurnalistlerden shi'qqan yemes. Solay da, biz wolardi'n' sabaqli'qlari'nan ken' paydalani'p kelgenimiz sebebinen woqi'ti'w bari'si'nda wo'z pikirlerimizdi wo'zge xali'q qa'lem ustalari'ni'n' pikirleri menen ba'ntlewge ko'birek berilemiz. Ma'selen, biz baspa so'zde turmi's haqi'yqatli'g'i'ni'n' sa'wleleniwi sha'kirtligin ayta kelip, mi'sal ushi'n rus jazi'wshi'si' A.S.Serafimovichtin' so'zlerin qaraqalpaqshalasti'ri'p, «konkret na'rseler g'ana janli', al konkret na'rseler tek turmi'stan ali'nadi', bul birden-bir derek» deymiz, - dep wo'z pikirlerin bildiredi ilimpaz, − Bul so'zlerimnin' russha variant si'yaqli' ta'sir ku'shin bermegenin sezemen. Yendi jazi'wshi'ni'n' turmi'stan ali'p, ayqi'n faktlerge tiykarlani'p jazi'wi' kerekligi haqqi'ndag'i' ayti'lg'an pikirler qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' do'retpelerinde ushi'raspay ma yeken, wolar do'retiwshiliktin' salmaqli' jollari' haqqi'nda qalayi'nsha tolg'andi' yeken? – dep woylana baslaymi'z. Wolardan paydalani'w a'lbette, ta'sirlirek bolar yedi. Biz jurnalistikani'n' haqi'yqatshi'li'q principin ug'i'nbaqshi' bolg'ani'mi'zda, rus jazi'wshi'si' L.N.Tolstoydi'n' «U'ndemey tura almayman!» degen lebizin eske alami'z. Hu'rmetli missiyasi' turmi'sti' sa'wlelendirip, xali'qqa so'zin ti'n'lati'wdan ibarat bolg'an qa'lem ustalari'ni'n'

---

«Еркин Қарақалпақстан» газетасы,
25-январь, 1994-жыл.

ha’r birinin’ de a’diwli tiregi − haqi’yqatshi’lli’q.  Qa’legen shi’g’arma, yeger wol ila’hiy ilham na’tiyjesi bolatug’i’n bolsa, turmi’s do’retken quwani’shli’ yaki kewilsiz keypiyat miywesi. Qaraqalpaq xali’q shayi’rlari’ da bul haqi’yqatli’qti’ teren’ sezingen.

Sonli’qtan, mi’sali’ Ku’nxoja:

*Shayi’r aytar shag’lani’p,*

*Shag’lamasa, dag’lag’ani’n,-* dep bildiredi.

Al, A’jiniyaz, «*Wo’tirikti ras yetip aytpag’an, Bas ketse de tuwri’ joldan qaytpag’an*» yelinin’ perzentlerine bi’lay na’siyatlaydi’:

*Dosa dug’ri’ ka’ra’k, dushmana hiyla,*

*Adamdi’n yashi’rma, dug’ri’si’n so’yla’,*

*Dug’ri’ ywrgil igri ywrma’gil yola,*

*Yalanshi’ ra’swani’n’ payani’ bolmas.*

Jurnalistika kanallari’ni’n’ wazi’ypasi’ – jan’ali’q, xabar tarati’w. Jaqsi’ni’n’ jaqsi’si’n u’lgi yetiw, kemshilikti ayti’p, du’zetiw jollari’na nusqaw. Solay yetip, xali’qti’ iygilikli niyetlerge bag’darlap woti’ri’wdan ibarat. Demek, jurnalistikani’n’ a’hmiyetli principlerinin’ biri-xali’qshi’lli’q boli’p, usi’ principtin’ tasti’yi’g’i’n biz xali’q shayi’rlari’ni’n’ qosi’qlari’nda ushi’ratami’z. A’jiniyaz shayi’r:

*Mo’minni quwanti’p, kewilin shad yetip,*

*Qayda dushman bolsa, woni’ mat yetip –*

ju’riw ushi’n shayi’r bolg’an. Sebebi, wog’an ta’g’dirdin’ bergen bar si’yi’ – xali’qti’n’ da’rtin an’law ha’m sheber til. Sonli’qtan da ol:

*Ko’n’limdi g’amdur a’lem,*

*So’zla’sa’m shi’qar da’mba’-da’m.*

*Man’a so’zdin’ bashqa egam.*

*Hesh na’ma’rse beren yoqti’,-* deydi.

Xali’q shayi’rlari’ ko’rkem so’zdin’ ilha’m miywesi yekenligine, sheberlik ma’selelerine itibarli’ qarag’an.

A’jiniyaz shayi’r ushi’n ko’rkem so’zdin’ wazi’ypasi’ mi’nada ko’rinedi:

*G'am-qayg'u qa'peste ko'n'ilin' ashmag'a,*

*Sonda da'rkar shiyrin so'zdin' la'zzeti.*

Al, yosh, ilha'm haqqi'nda bolsa,

*Qi'yal etsem menin' kewilim,*

*Yertewli atqa megzer,* - dep qoyadi'.

Jurnalistika teoriyasi'nda woqi'wshi'li'q auditoriya, ja'miyetlik pikir, do'retiwshi ha'm ti'n'lawshi' arasi'ndag'i' baylani's degen tu'sinikler bar. Sonday-aq, materialdi'n' itimalli'g'i' (potencial informaciya) ha'm naqli'g'i' (real informaciya) degen elementler belleskende naqli'g'i' basi'mi'raq kelgeni maqul. Yag'ni'y, jurnalist wo'zinin' jetkerip berip ati'rg'an materiali'ni'n' ha'mmesi toli'g'i' menen woqi'wshi' ta'repinen qabi'l yetiledi dep isenedi. Woqi'wshi' (yaki ti'n'lawshi') wonnan tek wo'zine kerek dep tapqan jerin g'ana qabi'l aladi' (ta'biyg'i'y tu'rde). Shi'g'arma qanshelli sheber jazi'lsa, woni'n' toli'g'i'raq qabi'l yetiliw, xali'qqa so'zdi jetkeriw itimalli'g'i' da artadi'. Joqari'dag'i' mi'sallardan ko'rinedi, xali'q shayi'rlari' woqi'wshi'g'a so'zdi jetkeriw an'sat sawda yemes yekenligin teren' sezingen. Al, yendi ti'n'lawshi' auditoriya da i'layi'qli' boli'wi' kerek. Jurnalistikani'n' ta'sirshen'ligi, materialg'a juwap degen ma'seleler de bar.

Sonli'qtan da, xali'q da'rtin so'ylegen A'jiniyaz wo'zin ti'n'laytug'i'n qulaq bolmay qalg'anda;

*Sa'nemler qoli'nda tilla' saz edim,*

*Ha'wijge keltirer janan bolmadi'.*

Yaki,

So'z so'ylesem so'zge tu'shmes go'dekler.

*Yedireg'lep yu'rgen a'leyler,*

*Ne bilsin so'znin' qa'dirinen,* - dep nali'nadi'.

Jurnalist universal bilim iyesi boli'wi' kerek deymiz. Wol wo'zinin' shi'g'armasi' ushi'n wo'mirdi, tariyxti' jaqsi' biletug'i'n, izleniwshen' boli'wi' tiyis. İzleniwshiliktin' jaqsi' na'tiyjeleri ko'p woqi'wda, xali'q danali'g'i'n toplawda.

Bolajaq jurnalistlerdi izleniwshilikke bag'darlawda A'jiniyazdi'n' to'mendegi qatarlari' ja'rdemshi boladi': *«Jaqsi'ni'n' bir so'zi ma'uina't taji'».*

Xali'q shayi'rlari'ni'n' biliwinshe, do'retiwshilik miywesi shi'g'armalar, yeger sog'an i'layi'q bolsa, shegara tan'lamaydi'. A'jiniyazdi'n' ayti'wi'nsha:

*Jayi'lmasa so'zi xali'qqa,*
*Shayi'r go'ne tamg'a megzer.*

A'jiniyaz do'retiwshiligin u'yreniwdin' ja'ne bir a'hmiyeti – woni'n' do'retpelerinde tariyxi'y waqi'yalar menen birge xalqi'mi'zdi'n' geografiyali'q ma'kani'na, ta'biyg'i'y bayli'qlari'na, milliy xarakterine, milliy mentalitetine ta'n bolg'an wo'zgesheliklerdi ko'riw mu'mkin.

Qaraqalpaq milletine, mentalitetine ta'n wo'zgesheligi sonnan ibarat, won to'rt uri'wi'ni'n' barli'g'i'. Usi' qosi'q qatari'nda u'lken alti'- keneges, man'g'i't, qi'pshaq, qon'i'rat, qi'tay, mu'yten uri'wdi' atap wo'tken.

Uri'wi'm – Qon'i'tattur, milletim qalpaq,
Keneges, man'g'i'ti', qi'tayi', qi'pshaq,
Tuwi'sqan deydiler qalpag'i' qazaq
Won to'rtke bo'lingen uri'wi'm bardi'.
Bir eli Xorezm, bir eli Tuwran,
Yrgenish Qon'i'rat sha'hri Samarqand
Ka'rwanlari' bardur Buxar Ashtarxan,
Ne bir suli'w suli'w sha'ha'rim bardi'.

…Bizin' yeldi won to'rt uri'w diyerler,
Qi'z-jawani' qi'zi'l-yashi'l kiyerler,
Haytta, toyda at arbag'a minerler,
Nebir go'zzal suli'w qi'zlari' bardi'.

Milliy woyi'ni' yesaplang'an ko'kbar, i'laq woyi'nlari'n woynaw arqali' qaraqalpaq jigitlerinin' keskir, shaqqan, yepshilligi ko'rinedi. Qi'zlari'ni'n' iybesi, nazi', suli'wli'g'i', milliy kiyimleri menen geshteklerde da'sme-da's

ayti’si’wi’ arqali’ wo’zine ta’n basqa milletlerden ayi’rmashi’li’g’i’ ayki’n ko’zge tu’sedi. Mi’sali’,

Sizin’ jaqtan ko’rkem ani’n’ dalasi’,
Qabat-qabat sali’ng’andur qalasi’,
Ko’kbari’w – i’laqqa ken’dur arasi’,
Ko’kbar, i’laq woynar yigiti bardi’.

Ja’ne,

Ush ay shabag’i’ bar, u’sh ay sawi’ni’,
Ysh ay qabag’i’ bar, u’sh ay qawi’ni’,

Yag’niy bunda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ turmi’s jag’dayi’, miynetkeshligi, sha’rwashi’li’q, diyqanshi’li’q ha’m bali’qshi’li’q ka’sibi menen woti’ri’qshi’ shug’i’llanatug’i’nli’g’i’ atap wo’tilgen. Soni’n’ menen bir qatarda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ilim pa’nge qushtarli’g’i’, sawatli’li’g’i’ da shayi’r ta’repinen ta’sirli qatarlarda berilgen. Ta’biyatti’n’ bizge inam yetken su’tilmek, sobi’li’q, at shoqay, jambi’lsha, qawi’ni’ si’yaqli’ tilin’di u’yiretug’i’n miywesi’ bar yekenligin ayri’qsha maqtani’shli’ tu’rde atap wo’tedi.

Xali’q shayi’rlari’ wo’zlerinin’ bul danali’q pikirlerin keleshekte bolajaq jurnalistler ushi’n u’lken sabaq bolar dep woylag’an da joq shi’g’ar, ba’lki. Bul pikirler ta’biyg’vyli’g’i’ menen, wolardi’n’ sezingen haqi’yqatli’g’i’ bolg’ani’ menen turmi’sti’n’ barli’q tarawi’, ilimnin’ barli’q salasi’ ushi’n da qunli’. Jurnalistlerdi tayarlaw-do’retiwshi adamdi’, talantti’ ta’rbiyalap jetilistiriwden ibarat. Yag’ni’y, sezimtalli’qqa universal bilimlikke, ko’rkem so’z si’rlari’n men’geriw ha’m a’melde qollana biliwge u’yretiwden ibarat. Bolajaq jurnalistlerimiz «Sahra bu’lbilleri» atang’an qosi’qqa i’qlasli’ yel perzentleri. İzleniwshilik haqqi’ndag’i’ jurnalistika elementlerin belgilegende, wolardi’ sheberlikke u’yretkenimizde, xali’q shayi’rlari’ni’n’ insani’yli’q ideyalardi’ tirek yetken teren’ milliy, sonli’qtan ju’rekke qoni’mli’ qosi’q qatarlari’nan paydalang’ani’mi’z maqul boladi’.

# Juwmaqlaw



Ha’zirgi zamanni’n’ globallasi’wi’ sharayati’nda, biz jasap ati’rg’an informaciya a’sirinin’ aytarli’qtay mashqalalari’ni’n’ biri – ka’mil insandi’ jetilistiriw ha’m yeldin’ milliy wo’zin tani’wi’ ha’m du’nya xali’qlari’ menen awi’zbirshilikte, tilekleslikte jasap, alg’a rawajlani’wdan ibarat.

Biz do’retiwshilik miyrasi’n u’yreniw ushi’n tan’lag’an obekt qaraqalpaq klassik shayi’ri’ A’jiniyaz Qosi’bay uli’ xalqi’mi’zdi’n’ ma’na’wiy, a’dep-ikramli’q qa’diriyatlari’n rawajlandi’ri’wg’a, xali’qti’n’ awi’zbirshiligin saqlawg’a, insanni’n’ qa’dirin belgilep ko’rsetiwde u’lken u’les qosti’. Woni’n’ miyrasi’ ha’r ta’repleme, ha’r qi’yli’, a’debiy, lingvistikali’q, tariyxi’y, pedogogikali’q, filosofiyali’q aspektlerde ken’ u’yrenilip kelmekte.

Soni’n’ menen birge, bul bay do’retiwshiliktin’ yele de ashi’lmag’an si’rlari’ ko’p. Wolardi’n’ biri shayi’r do’retiwshiliginin’ publicistikali’q si’pati’ni’n’ u’yrenilmey ati’rg’anli’g’i’. Al, ha’r qanday do’retiwshiliktin’ tiykarg’i’ qa’siyetlerinin’ biri – avtordi’n’ azamatli’q poziciyasi’, ja’miyet faktlerine, qubi’li’slari’na, tariyxi’y waqi’yalarg’a mu’na’sibet bildirip bahalawi’nda ko’rinedi. Shayi’rdi’n’ ilha’mi’na ta’sir jasaytug’i’n, woni’ woylandi’ratug’i’n, pikirlerin yegep, aytpasi’na qoymaytug’i’n problemalar ku’ndelikli faktlerdin’ ta’sirinde ju’z beredi. Bul shayi’r yaki jazi’wshi’ do’retiwshiliginde publicistikali’q pafosti’n’ ju’zege keliwine tiykar boladi’.

A’jiniyaz lirika ustasi’ boli’w menen birge, wo’z da’wirinin’ ziyali’, patriot, gumanist azamati’ si’pati’nda da’wirinin’ waqi’yalari’na mu’na’sibet bildirip, pikir ayti’p, ja’miyetlik sanag’a ta’sir jasag’an. Woni’n’ shi’g’armalari’nda tariyxi’y faktler, filosofiyali’q woylar, publicistikali’q pikirlewler ko’p yekenligi ani’qlandi’. Xali’qti’ jigerlendirip, adamni’n’

ja’miyettegi worni’na itibar qarati’p, wo’zlikti an’law sezimlerin yen jaydi’rg’an.

Bul, shayi’r poeziyasi’nda publicistikali’q woydi’n’, publicistikali’q pafosti’n’ joqari’ bolg’ani’n bildiredi. Sonli’qtan, klassik shayi’rlar miyrasi’n, atap aytqanda, A’jiniyaz do’retiwshiligin publicistikali’q aspekte u’yreniwdin’ a’hmiyeti ayri’qsha.

Jumi’sti’n’ kirisiw bo’liminde, mine usi’lar, yag’ni’y, jumi’s temasi’ni’n’ aktualli’g’i’, jumi’sti’n’ jan’ali’g’i’, teoriyali’q-a’meliy a’hmiyeti h.t.b.tiykarlani’p, jumi’s mazmuni’ du’zildi.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zdi’n’ mazmuni’ «Kirisiw», Tiykarg’i’ bo’lim, I-bap. «Publicistikali’q pafos tu’sinigi ha’m woni’n’ A’jiniyaz shi’g’armalari’nda sa’wleleniwi», II-bap A’jiniyaz Qosi’bay uli’ni’n’ wo’miri ha’m woni’n’ do’retiwshiliginde publicistikali’q woy derekleri», III-bap «A’jiniyazdi’n’ miyrasi’ni’n’ jurnalistlik sheberlikti jetilistiriwdegi a’hmiyeti» atamasi’ndag’i’ baplardan, sonday-aq, juwmaqlaw, paydalani’lg’an a’debiyatlar, qosi’msha materiallardan ibarat yedi. Bul mazmundag’i’ jumi’sti’ teren’ tallap u’yreniwimiz na’tiyjesinde pikir ha’m juwmaqlarg’a iye boldi’q.

**Jumi’sti’n’ birinshi babi’nda** «Qaraqalpaq xali’q shayi’ri’ A’jiniyaz Qosi’bay uli’ do’retpelerinde publicistikali’q pafos» ma’selesin u’yreniwimiz ushi’n, yen’ da’slep, «publicistika», «pafos», «woni’n’ poeziyadag’i’ ko’rinisi qanday boladi’?» degen sorawlarg’a juwap izlegen yedik. So’zliklerge mu’ra’jat yetip, soni’ ani’qladi’q, publicistika – (lat. publicus - ja’miyetlik) – ku’ndelikli ja’miyet turmi’si’ni’n’ aktual ma’selelerine arnalg’an shi’g’arma tu’ri. Ja’miyetlik pikir plyuralizmin, atap aytqanda, wo’mirdin’ wo’tkir problemalari’ a’tirapi’nda qa’liplesetug’i’n ja’miyetlik pikirdi bildiriwshi usi’l si’pati’nda a’hmiyetli siyasi’y ha’m ideologiyali’q roli bar. Publicistika so’z tu’rinde (jazba ha’m awi’zsha), grafikali’q su’wrelew (plakat, karikatura), foto ha’m kinomatografiyali’q (hu’jjetli kino, televidenie), teatrli’q-dramali’q, so’z-muzi’kali’q formalarda da boladi’ yeken.

Biz bul ma'seleni u'yrenge woti'ri'p, qaraqalpaq jurnalistikasi'ni'n', publicistikasi'ni'n' deregi klassik shayi'rlari'mi'zdi'n' miyraslari'nda dep belgiledik.

A'jiniyaz shayi'rdi'n' qosi'qlari'nda pafos ma'selesi haqqi'nda izlenip, "pafos degen ne?" dep teoriyali'q a'debiyatlardi' u'yrenip, sog'an sa'ykes A'jiniyaz qosi'klari'n woqi'p, sol juwmaqqa keldik, A'jiniyaz Qosi'bay uli'ni'n' pu'tkil do'retiwshiligin boylap ilha'mlandi'ri'p turg'an ku'sh, yag'ni'y, shayi'rli'q pafos – woni'n' adamni'n' qa'dirin biliwi, wo'z yelin, Watani'n su'yiwi yeken. Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'ni'n' pu'tkil bari'si' usi' juwmaqti'n' tu'sindirmesi boldi'.

V.G.Belinskiydin' pafos haqki'ndag'i' miynetlerindegi mi'naday pikirlerdi ina'batqa aldi'q: "Ko'rkem shi'g'arma aldani'sh si'pati'nda zerikkennnen jazi'lmaydi'. Wol xudojniktin' awi'r miynetinin' na'tiyjesi. Yeger shayi'r usi' miynetke ha'm qaharmanli'qqa qol urg'an yeken, wonda woni' usi'g'an iytermelep turg'an qanday da bir qu'diretli ku'sh, jen'ip bolmas inta' boladi'. Bul ku'shti – pafos (yag'ni'y, do'retiwshilik yosh, g'ayrat. Qa'legen shi'g'arma ilha'mni'n', pafosti'n' perzenti. Shayi'rdi'n' shi'g'armalari' qanshelli ko'p bolsa, wolardi'n' ha'r birinin' wo'z aldi'na ilha'mi', woni'n' payda boli'wi'na iytermelegen jag'day boladi'. «Soni'n' menen birge shayi'rdi'n' ba'rshe do'retiwshilik du'nyasi', woni'n' poetikali'q xi'zmetinin' pu'tin barli'g'i' uli'wma bir ilha'mg'a iye boli'p, ha'r bir shi'g'armani'n' yoshi' pu'tinliktin' bir bo'legi, izi, tiykarg'i' ideyani'n' jilwalang'an tu'ri, woni'n' ko'plegen ta'replerinin' biri si'pati'nda ko'rinedi»[22]. Bul teoriyali'q tiykarlarg'a su'yenip, shayi'r do'retpelerin analizlep, bizin' juwmag'i'mi'z, A'jiniyaz shayi'rdi'n' yen' tiykarg'i' pafosi', woni'n' "Yellerim bardi'" atli' qosi'g'i'nda ko'rinedi. Soni'n' menen birge, pikirimizdi dawam yetip aytatug'i'n bolsaq, shayi'r pafosi': "*Bul du'nyani'n' ko'rki – adam balasi'!*" degen aforizmge aylang'an qatarlari'nda. Shayi'r do'retiwshiliginin' ba'rshe mazmuni', woni'

---

[22] Қараң: В.Г.Белинский. Избранные статьи. М.,1972, с.111;
Жумамуратова М. Сөз маржанын дизгенлер.Нөкис, 1994, 122.

ti'ni'shsi'zlandi'ri'p turg'an na'rse, bir sorawg'a juwap. Ne ushi'n *Sol adamni'n' ko'kke jeter nalasi'?*

Pafos, bul ko'rkem do'retpenin' uli'wma bag'darlang'anli'g'i'.

So'zliklerde «Pafos (grek. pathos – qi'ylani'w) – adamni'n' ku'shli ha'wesleniw yaki qi'ylani'wdag'i' jeke ha'reketi ali'p keletug'i'n da'rtti bildiriwshi antik tu'sinik, yag'ni'y, da'rttin' da'rtte ashi'li'wi' dep te tu'sindirilgen.

"Kewlimnin' sezip bilgenin jazdi'm" degendey, A'jiniyaz shayi'rdi' da wo'z da'wirinin' siyasi'y ten'sizligi ta'shiwishlendirgen. Da'wirdin' ku'n ta'rtibindegi mashqalalari'n teren' tu'sinip, qarama-qarsi'li'qli' aqi'betlerin wo'z da'rtindey sezinip, wolardi' ko'rkem, publicistikali'q do'retpelerde, ilimiy miynetlerde ja'riyalaw uqi'bi' adamzatqa ta'n. Talantli' insanlar, sezimtalli'g'i' sebepli an'lag'an haqi'yqati'n aytpay tura almaytug'i'n halatqa jetisedi, wo'zine ju'klengen hu'jdanli'q missiyasi'n wori'nlawdag'i' ilha'm jag'dayi'na sezinedi. Bir shi'g'armada usi' si'patlardi'n' ha'r birinin' (ko'rkem, publicistlik, ilimiy) wo'z aldi'na, yaki wolardi'n' qay bir tu'rlerinin' sintezlik birigiwinin' ju'zege shi'g'i'wi' mu'mkin boli'p, bul ha'r bir do'retiwshinin' wo'zinshelik pafosli'q bag'dari'na baylani'sli' ju'z beredi. Wo'z zamani'ni'n' alg'a qoyg'an siyasi'y-ja'miyetlik mashqalalari'n sheshiwdi go'zlegen lirikag'a publicistikali'q pafos yenetugi'nli'g'i' ta'biyg'i'y hal.

Shayi'rdi'n' wo'mirine baylani'sli' waqi'yalar, woni'n' do'retiwshiligine ta'sir yetpey qali'wi' mu'mkin yemes. Bul ha'diyse shayi'rdi' ko'p g'ana filososfiyali'q ha'm socialli'q temalarda shi'g'armalar do'retiwine sebepshi boladi'.

Ja'miyetlik-siyasi'y turmi's ma'selelerin sa'wlelendiretug'i'n ba'rshe shi'g'armalar – publicistlik do'retpeler boli'p tabi'ladi'. Shayi'r lirik qaharman bolg'an wo'zi haqqi'nda jazsa da, wol xali'qti'n' ati'nan so'yleydi.

Soni'n' menen birge shayi'r wo'zinin' bilgen, tu'singen haqi'yqati'n ayti'p, wo'mir problemasi'n qoyi'w menen birge, bul unamsi'z qubi'li'slardi'n'

sebebin tawi’p, haqi’yqatli’qti’n’ ju’zin ashadi’, unamsi’z illetlerdi ja’miyetlik pikir talqi’si’na usi’nadi’.

Demek, shayi’r, “bul du’nyani’n’ ko’rki – adam balasi’”ni’n’ wo’mirde jaqsi’ jasap wo’tiwi ushi’n jaqsi’ da’wran izleydi.

Shayi’rdi’n’ ja’miyetlik turmi’sqa narazi’li’q bildiriwi yemes, al, woni’n’ keleshek haqqi’ndi’g’i’ woylari’ ayri’qsha wori’n iyeleydi.

Jumi’sta “lirika” tu’sinigi boyi’nsha da ken’ pikirledik. Lirika jo’ninde ko’p g’ana a’debiyatshi’lar, shayi’rlar ani’qlamalar berip ati’r, wolardi’n’ a’debiyatti’ rawajlandi’ri’wda tiygizip ati’rg’an u’lesi ju’da’ u’lken.

Al, shayi’rdi’n’ «Bul dunyani’n’ ko’rki – adam balasi’» dep aytqani’, tuwra ayti’lg’an ga’p. Biraq, bul bir ga’p jarati’li’sta yen’ ko’rk berip turg’an insan yekenligi haqqi’ndag’i’ filosofiyali’q woydi’ bildiredi. Bul filosofiyali’q woy «wol adamni’n’ ko’kke jeter nalasi’» degen pikir menen jalg’asadi’. Jarati’li’sta adamzatti’n’ bul du’nyada jasawi’ da u’lken mashqalali’ yekenligin bildiredi. Shayi’rdi’n’ ja’miyet turmi’si’na, wo’mirge degen bahasi’:

**Birinshi bap boyi’nsha teoriyali’q juwmag’i’mi’z** sonnan ibarat boldi’, a’debiyattani’w iliminde “ko’rkem publicistika”, “ja’miyetlik poeziya”, “ja’miyetlik-publicistlik poeziya”, “lirik-publicistlik poeziya”, “siyasi’y-publicistlik lirika” terminlerin ko’p ushi’ratami’z.

Do’retiwshiliktin’ poeziya tu’rine, ko’birek, na’zik sezimtalli’q, woylardi’ obrazlarg’a bo’lep beriw qa’siyeti ta’n. Filosofiyali’q lirikag’i’ wo’mir qubi’li’slari’n jarati’li’s ni’zamli’qlari’ ko’z qarasi’nan ashi’p beriw ta’n. Al, grajdanli’q lirikag’a, avtordi’n’ turmi’sti’n’ fakt, waqi’ya qubi’sli’slari’na mu’na’sibet bildiriwi, bul fakttin’ unamli’ yaki unamsi’z na’tiyjelerin ashi’p beriwi, ha’tteki, faktlerge tiykarlani’p keleshekti boljaw da ta’n. Sonli’qtan da, poeziyada publicistikali’q pafos degende, ko’birek, grajdanli’q lirika ko’zde tuti’ladi’.

**Jumi’sti’n’ 2-babi’ “ A’jiniyaz Qosi’bay uli’ni’n’ wo’miri ha’m woni’n’ do’retiwshiliginde publicistikali’q woy derekleri” dep atag’an yedik.** Ulli’ adamlardi’n’ wo’mir tariyxi’n u’yrengenimizde, yen’ aldi’n buri’n

woni’n’ tuwi’li’p wo’sken jerin, ta’rbiyalang’an ja’miyetlik wortali’g’i’n bilmey turi’p, wol haqqi’nda tariyxi’y haqi’yqatli’qlardi’ ashi’w qi’yi’n. Bul ta’biyg’i’y ni’zamli’li’q. Sebebi, adamni’n’ shan’arag’i’, ta’rbiyalani’p jetilisken ja’miyetlik wortali’g’i’ woni’n’ kamali’na keliwge sebepshi bolg’an tiykarg’i’ wo’mir mektepleri boli’p yesaplanadi’.

Sonli’qtan da, biz bul bapta A’jiniyaz Qosi’bay uli’ni’n’ wo’mirbayani’, do’retiwshili jo’nindegi mag’li’wmatlar, shayi’r jasag’an da’wirdin’ fakt, waqi’ya qubi’li’slari’ tiykari’nda jazi’lg’an qosi’qlari’n tallap, publicistikali’k pafos dereklerin izledik.

A’lbette, qa’legen shi’g’armada do’retiwshinin’ wo’mirden alg’an ta’sirleri, turmi’s tariyxi’ wo’z ta’sirin tiygizedi. A’jiniyazdi’n’ na’zik lirikasi’ni’n’ tiykari’ – jasi’li’q jiger, suli’wli’q, qi’z-jawanlardi’n’ go’zzalli’g’i’na su’ysiniwshilik. Al, woni’n’ ja’miyetlik lirikasi’na, yag’ni’y poeziyasi’nda publicistlik pafosti’n’ ju’zege keliwine ta’sir jasag’an mashqalalalar, turmi’s a’dalatsi’zli’qlari’, tariyxi’y waqi’yalar ko’p bolg’an.

Shayi’rdi’n’ qosi’qlari’ni’n’ tiykarg’i’ tematikasi’ xali’qti’n’ awi’r awhali’ boldi’. Sebebi, bul da’wirlerde xali’qti’n’ siyasiy ja’miyetlik jag’daylari’ jaqsi’ yemes yedi. 1827-ji’lg’i’ Qaraqalpaqlardag’i’ xali’q azatli’q gu’resleri qan menen basi’li’p, Aydos biydin’ basi’ ali’ni’p, ko’terilisti basqarg’an ko’p qaraqalpaq biyleri qamali’p, wo’ltirilip, Xiywa xanli’g’i’ siyasati’ menen xali’qta qatti’ awi’r keskin jag’daylar wo’mir su’rip turg’an da’wirleri yedi. Shayi’r qosi’qlari’nda mashqalani’n’ sebebin izleydi. Xali’qti’n’ baxti’na kesent yetip turg’an ja’bir-japa, uri’s aqi’betleri yekenligin xali’qqa qosi’g’i’ menen jetkizedi, a’dalatsi’z ja’miyet qubi’li’slari’na baha beredi. Xali’qti’n’ awi’r awhali’nan wolardi’n’ kewlindegi qapashi’li’q, ja’miyetlik pikir shayi’r qosi’g’i’nda to’mendegishe wo’z sa’wlesin tapqan.

Bizin’ ja’ne bir juwmag’i’mi’z sonnan ibarat boldi’, Qazaqstanda bolg’an ji’llari’ A’jiniyaz do’retiwshiliginin’ ayri’qsha gu’llegen ji’llari’ yeken. Shette ju’rip, bir jag’i’ Watan sag’i’ni’shi’, yelinin’ da’rtleri haqqi’nda ko’birek pikirlep, woylani’w, woni’n’ ko’p g’ana ja’miyetlik pikirge woy sali’wshi’

publicistlik ilha’mg’a quri’lg’an qosi’qlari’ni’n’ ju’zege keliwine sebepshi bolg’an. *«Yellerim bardi’», «Barmeken?», «Bardi’», «Megzer», «Ayri’lsa», «Xoshlasi’w»* ha’m t.b. Bular qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’ni’n’ yen’ bir hasi’l du’rdanalari’ bolg’an filosofiyali’q-publicistlik ruwhtag’i’ shi’g’armalar boli’p tabi’ladi’.

Demek, dan’qi’ a’lemge jayi’lg’an «Yellerim bardi’» qosi’g’i’ da usi’ da’wirde jazi’lg’an yeken.

Al, woni’n’ shayi’rli’q stilinin’ ja’ne de wo’tkirlesiwine ta’sir jasag’an ja’ne bir na’rse, bul qazaq jurti’nda shayi’r ayti’s janri’ni’n’ sheberine aylanadi’. Woni’n’ bul sheberligi qazaqti’n’ ataqli’ shayi’r qi’zi’ Qi’z-Men’esh penen ayti’si’nda ja’ne de jetilisedi.

**2-bap boyi’nsha juwmaq**, shi’ni’nda da, ulli’ klassik shayi’r xali’q da’rti menen jasap, «du’nyada yen’ da’rtli kisi» bolg’an, «ti’qi’r-ti’qi’r tili» xali’q baxi’ti’na tilekleslikten sharshamag’an. Sonli’qtan da, xali’q shayi’rdi’ ma’n’gi qa’sterleydi. Woni’n’ wo’z zamani’ndag’i’ wo’mir qubi’li’slari’na baha berip, ku’nnin’ a’hmiyetli faktleri haqqi’ndag’i’ ja’miyetlik pikirge ta’sir jasag’an do’retpeleri publicistikali’q woy si’pati’nda jurnalistlik sheberlikti artti’ri’w dereklerinin’ bir boli’p qala beredi.

**«A’jiniyazdi’n’ miyrasi’ni’n’ jurnalistlik sheberlikti jetilistiriwdegi a’hmiyeti» degen u’shinshi bapti’** wo’z aldi’na tema si’pati’nda u’yreniwimizge ta’sir jasag’an na’rse sol boldi’, jumi’sti’ jazi’w dawami’nda ani’qlawi’msha, bul ulli’ shayi’rdi’n’ a’debiy miyrasi’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ pu’tkil ruwhi’y turmi’si’na u’lken ta’sir jasag’an. Bul do’retpeler a’debiyat, tariyx, pedogogika, filosofiya, ko’rkem wo’ner tarawlari’na aytarli’qtay bay materiallar beredi. Soni’n’ menen birge ha’r qi’yli’ tarawda qa’niyge tayarlaw isinde de aytarli’qtay roli bar. Mi’sali’, jurnalistlik qa’niyge tayarlawda A’jiniyaz do’retpelerinin’ a’hmiyeti ayri’qsha. Bul do’retpeler − ko’rkem sheberliktin’ u’lken u’lgisi yekenligin aytpag’anni’n’ wo’zinde, da’wir mashqalalari’na pikir bildiriw, wo’mirdin’ fakt ha’m qubi’li’slari’n tallap,

mashqalalardi’n’ sheshimin izlew uqi’bi’ – bolashaq jurnalistler ushi’n u’lken do’retiwshilik ustaxanasi’ yekenligin sezdik.

Jurnalist, yen’ da’slep, so’z sheberligin teren’ men’geriwi tiyis. A’jiniyazdi’n’ qosi’qlari’ni’n’ bul ma’selede ja’rdemi sheksiz.

Shayi’r shi’g’armalari’ndag’i’ ku’ndelikli turmi’s qubi’li’slari’na baha beriw, belgili bir woydi’ bildiriw ushi’n faktler ja’minen paydalani’w, faktlerge su’yenip belgili bir juwmaq jasaw arqali’ ja’miyetlik pikirdi qa’liplestiriw sheberligi, qosi’qlari’ndag’i’ publicistikali’q pafos ha’r bir jurnalisttin’ u’yreniwi tiyis ta’repleri boli’p tabi’ladi’.

Jurnalisttin’ ha’r qashan waqi’ya worayi’nda boli’p, L.Tolstoydi’n’ aytqani’nday, «so’ylemey tura almaw» si’yaqli’ belgisi A’jiniyaz babami’zdi’n’ do’retiwshiliginin’ tiykarg’i’ bag’dari’ boli’p tabi’ladi’. Bunday mi’sallardi’ shayi’rdi’n’ ko’pshilik qosi’qlari’nan tabi’w mu’mkin.

Jurnalistikani’n’ tiykarg’i’ principi haqi’yqatshi’lli’qti’ tu’sindiriwde A’jiniyazdi’n’ mi’na qatarlari’ u’lgi boladi’.

Jurnalistika tarawi’nda sabaqli’qlar, qollanbalar jazi’p, studentlerdi qa’nigelikke bag’darlawg’a kiriser yekenbiz, biz demokratiyali’q woy tiykari’nda jan’asha bilimlendiriw jollari’n izlewimiz da’rkar. Adamzatti’n’ toplag’an bilimlerinin’ du’r-ja’wharlari’n, sonday-aq, jaqsi’ teoriyali’q sheshimlerge iye jurnalistika tarawi’ndag’i’ bar miynetlerge su’yenip, jergilikli qa’lem ustalari’ni’n’ ko’rkem sheberliktin’ mashqalali’ jollari’ haqqi’ndag’i’ sezingenlerin yesapqa ali’p, solay yetip, uli’wmainsanli’q tiykardag’i’ milliy jurnalistika ilimimizdi jarata ali’wi’mi’z tiyis. Jurnalist miyneti wo’ndirislik-do’retiwshilik tu’ste. Demek, jurnalist do’retiwshilik baslamasi’ jag’i’nan jazi’wshi’, shayi’r (yaki su’wretshi) si’yaqli’ izleniwshen’. Sonli’qtan, xali’q shayi’rlari’ni’n’, uli’wma qa’lem ustalari’ni’n’ do’retpelerindegi ko’rkem sheberlik haqqi’ndag’i’ pikirleri bolajaq jurnalistler ushi’n u’lken mektep bolari’ so’zsiz.

Jurnalistika kanallari’ni’n’ wazi’ypasi’ – jan’ali’q, xabar tarati’w. Jaqsi’ni’n’ jaqsi’si’n u’lgi yetiw, kemshilikti ayti’p, du’zetiw jollari’na nusqaw.

Solay yetip, xali’qti’ iygilikli niyetlerge bag’darlap woti’ri’wdan ibarat. Demek, jurnalistikani’n’ a’hmiyetli principlerinin’ biri-xali’qshi’lli’q boli’p, usi’ principtin’ tasti’yi’g’i’n biz xali’q shayi’rlari’ni’n’ qosi’qlari’nda ushi’ratami’z. A’jiniyaz shayi’r «m*o’minni quwanti’p, kewilin shad yetip, Qayda dushman bolsa, woni’ mat yetip*» ju’riw ushi’n shayi’r bolg’an. Sebebi, wog’an ta’g’dirdin’ bergen bar si’yi’ – xali’qti’n’ da’rtin an’law ha’m sheber til. Sonli’qtan da wol:

*Ko’n’limdi g’amdur a’lem,*
*So’zla’sa’m shi’qar da’mba’-da’m.*
*Man’a so’zdin’ bashqa egam.*
*Hesh na’ma’rse beren yoqti’,-* deydi.

Xali’q shayi’rlari’ ko’rkem so’zdin’ ilha’m miywesi yekenligine, sheberlik ma’selelerine itibarli’ qarag’an.

Shi’g’arma qanshelli sheber jazi’lsa, woni’n’ toli’g’i’raq qabi’l yetiliw, xali’qqa so’zdi jetkeriw itimalli’g’i’ da artadi’. Joqari’dag’i’ mi’sallardan ko’rinedi, xali’q shayi’rlari’ woqi’wshi’g’a so’zdi jetkeriw an’sat sawda yemes yekenligin teren’ sezingen.

Jurnalist universal bilim iyesi boli’wi’ kerek deymiz. Wol wo’zinin’ shi’g’armasi’ ushi’n wo’mirdi, tariyxti’ jaqsi’ biletug’i’n, izleniwshen’ boli’wi’ tiyis. İzleniwshiliktin’ jaqsi’ na’tiyjeleri ko’p woqi’wda, xali’q danali’g’i’n toplawda.

Bolajaq jurnalistlerdi izleniwshilikke bag’darlawda A’jiniyazdi’n’ to’mendegi qatarlari’ ja’rdemshi boladi’: «*Jaqsi’ni’n’ bir so’zi ma’uina’t taji’*». Xali’q shayi’rlari’ wo’zlerinin’ bul danali’q pikirlerin keleshekte bolajaq jurnalistler ushi’n u’lken sabaq bolar dep woylag’an da joq shi’g’ar, ba’lki. Bul pikirler ta’biyg’vyli’g’i’ menen, wolardi’n’ sezingen haqi’yqatli’g’i’ bolg’ani’ menen turmi’sti’n’ barli’q tarawi’, ilimnin’ barli’q salasi’ ushi’n da qunli’.

**U’shinshi bap boyi’nsha juwmaq**, sonnan ibarat jurnalistlerdi tayarlaw – do’retiwshi adamdi’, talantti’ ta’rbiyalap jetilistiriwden ibarat. Yag’ni’y, sezimtalli’qqa universal bilimlikke, ko’rkem so’z si’rlari’n men’geriw ha’m

a’melde qollana biliwge u’yretiwden ibarat. Bolajaq jurnalistlerimiz «Sahra bu’lbilleri» atang’an qosi’qqa i’qlasli’ yel perzentleri. İzleniwshilik haqqi’ndag’i’ jurnalistika elementlerin belgilegende, wolardi’ sheberlikke u’yretkenimizde, xali’q shayi’rlari’ni’n’ insani’yli’q ideyalardi’ tirek yetken teren’ milliy, sonli’qtan ju’rekke qoni’mli’ qosi’q qatarlari’nan paydalang’ani’mi’z maqul boladi’.

**Uli’wma, juwmaqlap aytqanda**, biz sol pikirge keldik, biz A’jiniyazdi’n’, tariyxshi’, filosof, sa’zende, a’debiyatshi’, tilshi, pedogog yekenligin bildik. Soni’n’ menen birge shayi’r shi’g’armalari’na su’yenip, woni’n’ ku’shli publicist yekenligin de atap aytqi’mi’z keledi. A’jiniyaz do’retiwshiliginde publicistikali’q si’pat ma’selesi keleshekte yele de ken’irek, magistrlik, doktorli’q jumi’slarda u’yreniwdi talap yetedi.

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi

1. Karimov İ.A. O’zbekstan XXI a’sir bosag’asi’nda: qa’wipsizlikke qa’wip, rawajlani’w sha’rtleri ha’m kepillikleri. No’kis, 1997.

2. Karimov İ. Jan’asha pikirlew − da’wir talabi’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Jokargi’ Kenesinin’ gezeksiz sessiyasi’nda jasag’an bayanati’. «Vesti Karakalpakstana» gazetasi’, 19 iyul, 1997.

3. Postanovlenie Kabineta Ministrov Respubliki Uzbekistan «O provedenii 175-letiya so dnya rojdeniya Ajnnnyaza Kosi’bay uli’» ot 13 avgusta 1999 g. «Vesti Karakalnakstana» gazetasi’, 21 avgusta 1999.

***

4. Belinskiy. İzbranni’e stati. M.,1972.

5. Davkaraev N. Ocherki po istorii dorevolyucionnoy karakalpakskoy literaturi’. T., 1959.

6. Davkaraev N. Ocherki po istorii dorevolyucionnoy karakalpakskoy litera-uri’. - T.: Fan, 1959.

7. Genjemuratov B. A’jiniyaz lirikasi’ni’n’ poetikasi’. No’kis,

8. Jarimbetov K. Qaraqalpaq klassik lirikasi’. Janrli’q o’zgeshelikleri ha’m rawajlani’w tariyxi’. No’kis, 2005.

9. Jumamuratova M. So’z marjani’n dizgenler. No’kis, 1994.

10. Jumamuratova M. Xali’q shayi’rlari’ shi’g’armalari’nda sheberlik ma’selesi. «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’, 25-yanvar, 1994-ji’l.

11. Kalimbetov B. Ajiniëz lirikasi. Toshkent, 1991.

12. Masharipova T. İnformaciya a’siri ha’m publicistika. İntervyu.

13. «Erkin Qaraqalpaqstan», 22-aprel 2014,№48(19510).

14. Reyimov R. Socialno-eticheskie vzglyadi’ Ajiniyaza - avtoreferat i dissertaciya cheloveknauka.com›sotsialno-eticheskie…azhiniyaz

15. Paxratdinov A’,, Allambergenov K., Ayapov Sh. A’jiniyaz shayi’rdi’n’ o’miri ha’m ja’miyetlik a’debiy, ma’deniy ortali’g’i’. Fikr.Uz - Qarashlar,

Shaxslar va Jamiyat  Ajiniyoz nomidagi NUKUS DAVLAT PEDAGOGIKA INSTITUTI

16. Pazi’lov  A. Pedinstitut studentleri arasi’nda do’retiwshilik ortali’qti’ qa’liplestiriw islerinde A’jiniyaz Qosi’bay uli’ shi’g’armalari’nan paydalani’w. Bas bet. Pazilov.uz

17. Xudaybergepov K. Razvitie obshestvenno-politicheskoy i filosofskoy mi’sli p Karakalpak »(stane. - Nukus: Karakal-pakstan, 1990. - S. 82; Mambetov K. Ejiniyaz, - Nokis: Bilim, 1994. 12-6.

***

18.«Antologiya karakalpakskoy poezni». Tashkent,  1968, s.193-204;

19. «Stepni’e strupi’». M., 1973.

20. A’jiniyaz.Tanglamali’ shgarmalari’. No’kns,1949. A’jiniyaz. Tanglamali’ shi’g’armalari’. No’kis, 1960.

21. A’jiniyaz (Ziywar). Tan’lamali’ shi’g’armalari’. No’kis,1965.

22. A’jiniyaz. Shi’g’armalari’. No’kis, 1975.

23. Ajiniëz Kusibay uli’. T.,1962.

24. Ajiniyaz. İzbranni’e stixotvoreniya. Nukus, I975.

## Qosi’msha materiyallar

---

Пѣснь, путешествуя по міру, однажды остановилась ночевать въ стойбищахъ Каракалпаковъ, по ту сторону р. Сыра. Вѣсть о прибытіи невиданной и неслыханной гостьи разнеслась съ быстротою стрѣлы во всѣ стороны. Безчисленное множество Каракалпаковъ, собравшись въ счастливомъ аулѣ, слушали дивную гостью съ самаго начала вечера и до самой утренней зари, пока наконецъ Пѣсня устала и легла спать. Тысячи разсказовъ, повѣстей, пѣсенъ и исторій голосистой гостьи сохранили въ памяти безчисленные Каракалпаки. Киргизы и Трухменцы, стоявшіе далеко вверхъ по р. Сыру на краю стойбища,—всѣ родныя племена тогда кочевали вмѣстѣ,—прибыли поздно ночью и слышали только окончаніе чудныхъ звуковъ. Вѣсть о прибытіи Пѣсни къ Каракалпакамъ достигла даже до Сартовъ, жившихъ по сю сторону р. Сыра; но пока они собирались по своимъ городкамъ и пока успѣли доѣхать до Сыра, заря взошла, и Пѣсня уже опочивала. Сарты, остановившись на берегу рѣки, услышали вой нѣсколькихъ собакъ въ Каракалпакскихъ аулахъ и, принявъ эти звуки за голосъ Пѣсни, со вниманіемъ слушали вплоть до восхожденія солнца. Поэтому то Каракалпаки почитаются въ степяхъ первыми поэтами или пѣсенниками, потомъ Киргизы и Трухменцы, а пѣсни Сартовъ никто ***не можетъ слушать безъ смѣху.***